**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M ORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**SOCIAL-EKONOMIKALI’Q FAKULTETI**

***Jaqlawg’a ruqsat etilsin:***
«Ekonomika» kafedrasi’ basli’g’i’
e.i.k. Z.A.Baltasheha’m
«___» __________ 2014-ji’l

UDK:33.330.012.11.003.12.

# «Awi’l xojali’g’i’ o’ndirisinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n arzanlati’w mu’mkinshilikleri» temasi’ndag’i’

# PITKERIW QA’NIGELIK JUMI’SI’

**Ori’nlag’an:** 5A230102 «Tarawlar ekonomikasi’» magistratura qa’nigeliginin’ 2-kurs Mi’rzanov Zakir Maratovich

**Ilimiy basshi’:** **e.**i.k. R.Adilchaev

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ kafedradan da’slepki jaqlawdan o’tti.

____ sanli’ is qag’azi’ «____» ___________________ 2014-ji’l

**NO’KIS - 2014**

## MAZMUNI

**KIRISIW** 4

**I-BAP. DIYQANSHI’LI’Q SHI’G’I’NLARI’ ESABI’ HA’M O’NIMLER O’ZINE TU’SER BAHASI’N ESAPLAWDI’N’ A’HMIYETI**

1.1. Diyqanshi’li’q shi’g’i’nlari’ esabi’ni’n’ maqseti, ekonomikali’q mazmuni’, wazi’ypalari’ ha’m gruppalaw normalari’

1.2. Diyqanshi’li’q shi’g’i’nlari’n esapqa ali’w ushi’n mo’lsherlengen schyotlar sistemasi’ 18

1.3. Diyqanshi’li’qta qarejet ob’ektleri ha’m ali’ng’an o’nimlerdin’ o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw 28

**II-BAP. DIYQANSHI’LI’Q SHI’G’I’NLARI’ HA’MDE O’NIMLER O’ZINE TU’SER BAHASI’ ANALIZI HA’M UNI JAQSI’LAW YWLLARI’**

2.1. Diyqanshi’li’q ha’rajatlari’ analizini sho’lkemlestiriw, o’nim o’zine tu’ser bahasi’ tu’rleri ha’m ani’qlani’w ta’rtibi

2.2. Diyqanshi’li’q shi’g’i’nlari’ni’n’ ekonomikali’q elementi ha’m ali’ng’an o’nimler hu’jjetlestiriliwi ha’mde analizi

2.3. Diyqanshi’li’q o’nimleri o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw ma’seleleri

**III-BAP. Awi’l xojali’g’i’ o’ndirisinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n arzanlati’w jollari’**

3.1. Awi’l xojali’g’i’ sub’ektleri jumi’slari’n ju’rgiziw mexanizmin jedellestiriw faktorlari’ 59

3.2. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ sho’lkemlestiriwshilik-ekonomikali’q xarakteristikasi’ 67

3.3. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ rentabellik da’rejesin artti’ri’w boyi’nsha prognozlawlar o’tkeriw 75

**JUWMAQLAW HA’M USI’NI’SLAR**

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI**

# KIRISIW

Bazar ekonomikasi' sharayati'nda xojali'q ju'rgiziwshi sub'ektlerinin' aldi'nda bar bolg'an materialli'q ha'm miynet resurslari'nan na'tiyjeli ha'm aqi'lg'a muwapi'q paydalani'w ka'rxanalardi'n' ekonomikali'q ahwali'n jaqsi'law, olardi'n' finansli'q jaqtan turaqli'li'g'i'n jetilistiriw sonday-aq, du'nya bazari'nda ba'sekige shidamli'li'qqa iye halda boli'wi'nda u'lken a'hmiyetke iye boli'p tabi'ladi'.

Prezidentimiz I.A.Karimov o'z miynetlerinde bul bag'darda toqtali'p o'tip, "... qatan' tejemkerlik sistemasi'n engiziw, o'ndirisliq shi'g'i'nlar ha'm o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n kemeytiriwdi xoshametlew esabi'nan xojali'qlardi'n' ba'sekige shi'damli'li'g'i'n artti'ri'w" wazi'ypasi'n sheshiw lazi'm dep atap o'tken edi. Bul o'z gezeginde bazar qatnasi'qlari' sharayati'nda erkin ba'sekini qa'liplestiriw, o'nim jetistiriwdi ko'beytiw, miynet o'nimdarli'g'i'n artti'ri'w ha'm o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n arzanlasti'ri'wg'a imkaniyat jaratadi'.

Bazar ekonomikasi' sharayati'nda ha'r qanday xojali'q ju'rgiziwshi sub'ektlerdin' tiykarg'i' maqseti kemirek qarji' sari'plag'an halda joqari' payda ali'wdan ibarat boli'p esaplanadi'. Bul jumi'slardi' a'melge asi'ri'w ushi'n xojali'qlarda esap-kitap sistemasi', soni'n' ishinde, o'ndirislik shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w, ali'ng'an o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n kalkulyaciya qi'li'w jaqsi' ha'm aqi'lg'a muwapi'q jolg'a qoyi'lg'an boli'wi' kerek.

**Dissertaciya temasi'ni'n' aktualli'g'i'**. Fermer xojali'qlari' tiykarg'i' o'nim jetistiriwshi xojali'q sub'ektlerinen biri boli'p, olardi'n' rawajlani'wi', diyqanshi'li'q tarmag'i'ni'n' rawajlani'wi'na da sezilerli ta'sir ko'rsetpekte. A'lbette, diyqanshi'li'q tarmag'i'ni'n' awi'l xojali'g'i' ekonomikasi'nda ayri'qsha orni' ha'm a'hmiyeti bar. Bul tarmaqti'n' roli Respublikami'zda aqi'rg'i' ji'llarda o'sip barmaqta. Respublika xalqi'n diyqanshi'li'q o'nimlerine bolg'an talapi'n qanaatlandi'ri'w maqsetinde son'g'i' ji'llarda miywe-pali'zgershilik bag'dari'ndag'i' fermer xojali'qlardi'n' sani'n asi'ri'wg'a hu'kimet shen'berinde ayri'qsha itibar qarati'li'p kelinbekte. Fermer xojali'qlari'nda shi'g'i'nlardi'

kemeytiw ha’m o’zine tu’ser bahasi’n pa’seytiriw ma’selesi bu’gingi ku’nde tiykarg’i’ wazi’ypalardan biri esaplanadi’.

Bazar qatnasi’qlari’ni’n’ ken’eyip bari’wi’, O’zbekstanni’n’ du’nya ju’zilik ja’miyetshilikke integraciyalasi’wi’, xojali’q ju’rgiziwdin’ esap-kitabi’n duri’s ali’p bari’wg’a ha’m jetilistirip bari’wg’a ali’p kelmekte. Ekonomikali’q analizde diyqanshi’li’q shi’g’i’nlari’, ali’ng’an o’nimlerdin’ o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw ma’selelerin duri’s sho’lkemlestiriw a’hmiyetli mashqalalardan esaplanadi’. Bul bag’darda shi’g’i’nlardi’n’ esabi’n ta’rtipke sali’w ha’m finansli’q na’tiyjelerdi duri’s qa’liplestiriw maqsetinde Ministrler Kabinetinin’ 1999-ji’l 5-fevraldag’i’ 54-sanli’ qarari’ menen «O’nim (jumi’s, xi’zmet)lerdi o’ndirislik ha’m sati’w shi’g’i’nlari’nin’ qurami’ ja’nede finansli’q na’tiyjelerdi qa’liplestiriw ta’rtibi haqqi’nda»g’i’ Instrukciya qabi’l etilgen. Usi’ instrukciya diyqanshi’li’qta o’ndirislik shi’g’i’nlar esabi’ni’n’ duri’sli’g’i’n ha’mde o’nim, jumi’s ha’m xi’zmetler o’zine tu’ser bahani’ esaplawdi’ ta’rtipke sali’wshi’ tiykarg’i’ hu’jjet esaplanadi’.

Bu’gingi ku’nde shi’g’i’nlardi’ duri’s qa’liplestiriw, ekonomikali’q analizdi duri’s sho’lkemlestiriw, o’nimnin’ haqi’yqi’y o’zine tu’ser bahasi’n tuwri’ ani’qlaw ha’mde shi’g’i’nlardi’ qadag’alaw u’stinen monitoring jumi’slari’n ali’p bari’w a’hmiyetli esaplanadi’. Sol sebepli bul tema boyi’nsha ilimiy-izertlew jumi’slari’n ali’p bari’w za’ru’r esaplanadi’. Bul bolsa tan’lap ali’ng’an temani’n’ **aktualli’g’i’n** belgileydi.

**Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ u’yrenilgenlik da’rejesi.** Bul magistrlik dissertaciya jumi’si’n tayarlaw bari’si’nda ja’ne bir ma’sele oni’n’ u’yrenilgenlik da’rejesin ani’qlaw, oni’n’ ele toli’q u’yrenilmegen ta’replerin izertlew u’lken a’hmiyetke iye boli’p tabi’ladi’.

O’zbekstan Respublikasi’ agrar salasi’nda o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n ani’qlaw ha’m arzanlati’w jollari’n rawajlandi’ri’w boyi’nsha arnawli’ ilimiy-izertlew jumi’slari’ A.M.Jwraev, R.X.Xusanov, CH.Murodov, Q.A.CHoriev, J.Medetullaev, W.P.Umrzoqov, R.R.Rajabov, T.H.Farmanov ha’m basqa agrar ekonomist ali’mlar ta’repinen ali’p bari’lg’an. Soni’n’ menen bir qatarda

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ agrar salasi’na tiyisli ilimiy jumi’slar K.Ubaydullaev, K.YUsupbaev, SH.Tleubergenov, R.Tleubergenov, A.SHamshetov, B.Mi’rzaevlardi’n’ miynetlerinde sa’wlelengen.

Joqari’da atlari’ keltirilgen ali’mlardi’n’ basi’m ko’pshilik ilimiy-izertlew jumi’slari’ tiykari’nan O’zbekstan Respublikasi’ boyi’nsha ali’p bari’lg’an, sonday-aq, ayi’ri’m hallarda bazi’ bir kishi ma’seleler Qaraqalpaqstan Respublikasi’ mi’sali’nda bayan qi’li’ng’an boli’p, biraq, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ awi’l xojali’g’i’ salasi’ndag’i’ o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n arzanlati’w jollari’ mi’sali’nda elede teren’irek ilimiy-izertlew jumi’si’n ali’p bari’lsa maqsetke muwapi’q bolar edi.

**Dissertaciya temasi’ni’n’ ilimiy-izertlew jumi’slari’ rejeleri menen baylani’sli’li’g’i’**. Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ temasi’ Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ ilimiy-izertlew jumi’slari’ rejeleri shen’berinde ori’nlandi’.

**Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ maqseti.** Ekonomikani’ modernizaciyalaw sharayati’nda awi’l xojali’g’i’ o’ndirisinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n arzanlati’w mu’mkinshiliklerin ani’qlaw, analizlew ha’m ekonomikali’q a’hmiyetliligin jetilistiriw boyi’nsha ilimiy ha’m a’meliy usi’ni’slar keltiriwden ibarat.

**Magistrli’q dissertaciyasi’ni’n’ wazi’ypalari’**. Dissertaciyani’n’ maqsetinen kelip shi’qqan halda to’mendegi wazi’ypalar belgilep ali’ndi’:

- awi’l xojali’g’i’ o’ndirisinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’ tu’siniginin’ teoriyali’q tiykarlari’, ekonomikali’q mazmuni’ ha’m ani’qlaw jollari’n klassifikaciyalaw;

- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ awi’l xojali’g’i’ o’ndirisinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n ani’qlawda da’slepki hu’jjetlerdi toplaw, analizlewdi jetilistiriw boyi’nsha usi’ni’slar islep shi’g’i’w;

- respublika agrar sektori’nda a’melge asi’ri’lg’an ekonomikali’q reformalardi’n’ o’zgeshelikleri, principleri ha’m na’tiyjelerin izertlew boyi’nsha tiyisli pikir ha’m juwmaqlar islep shi’g’i’w;

- awi’l xojali’g’i’ sektori’n basqari’w sistemasi’n jetilistiriw boyi’nsha usi’ni’slar islep shi’g’i’w;

- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ awi’l xojali’g’i’ sub’ektlerinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n arzanlati’w jollari’n ani’qlaw boyi’nsha usi’ni’slar islep shi’g’i’w. Bul jumi’slardi’ a’melge asi’ri’w ushi’n xojali’qlarda esap sistamesi’, soni’n’ ishinde, o’ndiris shi’g’i’nlari’n esapqa ali’w, ali’ng’an o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n kalkulyaciyalaw jaqsi’ ha’m aqi’lg’a muwapi’q jolg’a qoyi’w boyi’nsha tiyisli juwmaqlar qa’liplestiriw sonday-aq, usi’ni’slar tayarlawdan ibarat.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ No’kis rayoni’ awi’l ha’m suw xojali’g’i’ basqarmasi’na qarasli’ fermer xojali’g’i’ni’n’ diyqanshi’li’q ha’m sharwashi’li’q tarawi’nda sarplani’lg’an shi’g’i’nlari’ ha’m o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’ esabi’n ali’w boyi’nsha ekonomikali’q analizi **izertlew ob’ekti** boli’p esaplanadi’.

**Magistrli’q dissertaciya jumi’si’ni’n’ teoriyali’q ha’m metodikali’q tiykarlari’**. Izertlewdin’ teoriyali’q ha’m metodikali’q tiykarlari’n O’zbekstan Respublikasi’ ni’zamlari’, O’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti Pa’rmanlari’ ha’m Ministrler Kabineti qararlari’, ma’mleketimizde awi’l xojali’g’i’n rawajlandi’ri’w boyi’nsha qabi’l etilgen normativlik hu’jjetler, respublikami’z ali’mlari’ni’n’ miynetleri quraydi’. Magistrli’q dissertaciya jumi’si’nda respublikami’z awi’l xojali’g’i’nda ali’p bari’li’p ati’rg’an ekonomikali’q reformalar, soni’n’ menen bir qatarda Prezident I.A.Karimovti’n’, awi’l xojali’g’i’ni’n’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n pu’tkilley jaqsi’law, bul bag’darda ori’nlani’wi’ kerek bolg’an wazi’ypalar bayan etilgen kitaplari’nan, usi’ temag’a tiyisli a’depiyatlardan paydalani’ldi’.

**Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ ob’ekti.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda No’kis rayoni’nda ha’reket etip ati’rg’an «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’, sonday-aq, olarda jetistirilip ati’rg’an diyqanshi’li’q ha’m sharwashi’li’q o’nimlerin jetistirip ati’rg’an sub’ektler.

**Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ predmeti.** Fermer xojali’g’i’ndag’i’ awi’l xojali’g’i’ o’ndirisinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n arzanlati’w

mu'mkinshiliklerin ani'qlaw, analizlew ha'm ekonomikali'q a'hmiyetliligin jetilistiriw ha'm rawajlandi'ri'w menen baylani'sli' huqi'qi'y, sho'lkemlestiriwshilik ha'm ekonomikali'q qatnasi'solardan ibarat.

**Magistrlik dissertaciya jumi'si' ilimiy-izertlew metodlari'.** Magistrlik dissertaciya jumi'si'n tayarlaw processinde indekslik, ekonomikali'q-matematikali'q, analizlew ha'm sintezlew, dialektikali'q, sali'sti'ri'w, statistikali'q, monografiya ilimiy-izertlew metodlari'nan ken' paydalani'ldi'.

**Magistrlik dissertaciya jumi'si'ni'n' ilimiy jan'ali'g'i'.** Izertlew jumi'si'ni'n' ilimiy jan'ali'g'i' to'mendegilerden ibarat:

- awi'l xojali'g'i' o'ndirisinde o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n arzanlati'w mu'mkinshiliklerin ani'qlaw boyi'nsha pikir ha'm juwmaqlar tayarlaw;
- awi'l xojali'g'i' o'ndirisinde o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n analizlew ha'm ekonomikali'q a'hmiyetliligin ani'qlawdi'n' teoriyali'q tiykarlari'n ani'qlaw usi'llari'n jetilistiriw boyi'nsha usi'ni'slar islep shi'g'i'w;
- awi'l xojali'g'i'nda o'ndirislik mu'mkinshilikler rezervlerin ani'qlaw, olardi'n' qa'liplesiwine ta'sir etiwshi faktorlardan aqi'lg'a muwapi'q paydalani'w ilajlari' boyi'na a'meliy usi'ni'slar tayarlaw.

**Magistrlik dissertaciya jumi'si' boyi'nsha izertlew na'tiyjeleri-nin' ilimiy-a'meliy a'hmiyetliligi**. Magistrlik dissertaciya jumi'si'nda islep shi'g'i'lg'an a'meliy usi'ni'slar ha'm pikirler No'kis rayoni'nda awi'l xojali'g'i' o'ndirisinde o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n arzanlati'w mu'mkinshiliklerin ani'qlaw, analizlew ha'm ekonomikali'q a'hmiyetliligin jetilistiriw jumi'slari'n rawajlandi'ri'wg'a baylani'sli' jobalardi' ha'm fermer xojali'qlari'ni'n' biznes rejelerin tayarlawda paydalani'w mu'mkinligi izertlew na'tiyjelerinin' a'meliy a'hmiyetliligin belgilep beredi.

**Magistrlik dissertaciya jumi'si' boyi'nsha ilimiy-izertlew na'tiyjelerinin' ja'riyalani'lg'anli'q ha'm si'nawdan o'tiwi da'rejesi**. Magistrlik dissertaciya jumi'si' boyi'nsha ilimiy-izertlew na'tiyjeleri Qaraqalpaqstan Respublikasi' No'kis rayoni' awi'l ha'm suw xojali'g'i' basqarmasi'na qarasli' «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'nda (2014-ji'l 24-aprel

ku’ni du’zilgen da’lalatnama) fermer xojali’qlari’ jumi’slari’ni’n’ a’meliy jumi’slari’na o’ndiriske engizildi ha’m Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ temasi’ boyi’nsha jumi’s na’tiyjeleri 3 ilimiy maqala

«Respublikami’zda miynet bazari’nda jumi’sshi’ ku’shine bolg’an talapti’ asi’ri’w jollari’» Berdaq ati’ndag’i’ QMU Respublikali’q ilimiy-a’meliy konferenciyasi’ materiallari’ toplami’. 2013 26-27–aprel, «Awi’l xojali’nda o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’ tu’sinigi», «O’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’ni’n’ ayri’m kalkulyaciyalaw usi’llari’». Berdaq ati’ndag’i’ QMU Respublikali’q ilimiy-a’meliy konferenciyasi’ materiallari’ toplami’. 2014 jili 2-iyunda ja’riyalani’ldi’.

**Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ qurami’.** Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ qurami’ kirisiw, tiykarg’i’ u’sh bap, juwmaqlaw, kesteler tirkemesi ha’mde paydalani’lg’an a’depiyatlar diziminen ibarat.

Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ kirisiw bo’liminde tiykari’nan, temani’n’ aktualli’g’i’, maqseti, wazi’ypalari’ ha’m t.b. jari’ti’p berilgen.

Jumi’sti’n’ birinshi babi’nda, diyqanshi’li’q shi’g’i’nlari’ esabi’ni’n’ maqseti, ekonomikali’q mazmuni’, wazi’ypalari’ ha’m gruppalaw normalari’, esapqa ali’w ushi’n mo’lsherlengen schyotlar sistemasi’, ob’ektleri ha’m ali’ng’an o’nimlerdin’ o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw sonday-aq, xojali’qti’n’ sho’lkemlestiriwshilik-ekonomikali’q xarakteristikasi’ izertlenilip a’meliy usi’ni’slar islep shi’g’i’lg’an.

Jumi’sti’n’ ekinshi babi’nda, diyqanshi’li’q qarejetleri analizin sho’lkemlestiriw, o’nim o’zine tu’ser bahasi’ tu’rleri ha’m ani’qlani’w ta’rtibi, ekonomikali’q elementi ha’m ali’ng’an o’nimler hu’jjetlestiriliwi ha’mde analizi, diyqanshi’li’q o’nimleri o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw ma’seleleri mag’li’wmatlari’ tiykari’nda u’yrenilgen ha’m tiyisli usi’ni’slar berilgen.

Magistrlik dissertaciya jumi’si’ni’n’ u’shinshi babi’nda, awi’l xojali’g’i’ o’ndirisinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n arzanlati’w jollari’, jumi’sti’n’ ob’ekti boli’p esapalanatug’i’n No’kis rayoni’na qarasli’ «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ ekonomikali’q ahwali’, o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’ni’n’ jag’dayi’ ha’m sho’lkemlestiriwshilik du’zilisi boyi’nsha pikirler ju’rgizilgen.

**Magistrlik dissertaciya jumi'si'ni'n' juwmaqlaw** bo'liminde jumi'sti' tayarlaw processinde ali'p bari'lg'an izertlewler na'tiyjesinde ali'ng'an juwmaqlar ha'm usi'ni'slar o'z ko'rinisin tapqan ja'nede paydalani'lg'an a'depiyatlar dizimi keltirilgen.

# I-BAP. DIYQANSHI'LI'Q SHI'G'I'NLARI' ESABI' HA'M O'NIMLER O'ZINE TU'SER BAHASI'N ESAPLAWDI'N' A'HMIYETI

## 1.1. Diyqanshi'li'q shi'g'i'nlari' esabi'ni'n' maqseti, ekonomikali'q mazmuni', wazi'ypalari' ha'm gruppalaw normalari'

Ha'r qanday xojali'q ju'rgiziwshi sub'ekttin' tiykarg'i' maqseti bul - payda ali'w. Ta'biyiy hal, ha'r bir xojali'q payda ali'wdi' ko'beyttiriw jollari'n izlep tabi'wg'a ha'reket etedi. Payda mug'dari'na bolsa shi'g'i'nlar ko'lemi tikkeley ta'sir ko'rsetedi. Soni'n' ushi'n shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ha'mde o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi' ani'qlaw, materialli'q resurslar ha'm basqa shi'g'i'nlardi'n' u'stinen baqlaw ju'rgiziw u'lken a'hmiyetke iye. SHi'g'i'nlardi'n' tiykarg'i' bo'legi o'ndirislik shi'g'i'nlarg'a tuwri' keledi.

O'ndirislik shi'g'i'nlar dep o'nimdi o'ndiriw menen baylani'sli' shi'g'i'nlarg'a ayti'ladi'. Olarg'a shiyki zatlar, materiallar, jani'lg'i', tiykarg'i' qurallarg'a esaplang'an tozi'w, jumi'sshi'larg'a esaplang'an miynet haqi'si' ha'm o'nim o'ndirisi menen baylani'sli' bolg'an basqa shi'g'i'nlar kiredi.

Eger bir tu'rdegi o'nim o'ndirisi menen baylani'sli' shi'g'i'nlardi'n' ja'mi summasi'n o'ndirilgen o'nim sani'na bo'lsek, o'ndirilgen bir birlik o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n tawami'z. O'zine tu'ser baha ko'rsetkishi xojali'q jumi'si'nda a'hmiyetli sapa ko'rsetkishlerinen biri esaplanadi'. Ol qansha da'rejede pa's bolsa, o'ndiristin' rentabellik da'rejeside sonsha joqari' boladi'. O'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'na tek o'nim o'ndirisi menen baylani'sli' bolg'an ha'mde tiykarg'i' o'ndiriske xi'zmet ko'rsetiwshi bo'limler shi'g'i'nlari' qosi'ladi'. O'nim o'ndirisindegi shi'g'i'nlar qarejet kalkulyaciya statyalari' boyi'nsha o'ndiris tu'rleri, shi'g'i'nlardi'n' payda boli'w ori'nlari', o'nim tu'rleri boyi'nsha buxgalteriya esabi'nda sa'wlelenedi. Shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ha'mde o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n kalkulyaciyalawdan tiykarg'i' maqset o'ndiris ha'm sati'w menen baylani'sli' shi'g'i'nlardi' o'z waqti'nda toli'qli'g'i'nsh ha'm haqi'yqi'y ani'qlaw, soni'n' menen birge ayi'ri'm o'nimlerdin' haqi'yqi'y o'zine tu'ser bahasi'n esaplaw ha'mde xojali'q resurslari' ha'm pul qarji'lari' jumsali'wi' u'stinen qadag'alawdi' ornati'w boli'p tabi'ladi'.

Bizge ma'lim bolg'ani'nday bazar qatnasi'qlari' sharayati'nda buxgalteriya esabi'ni'n' tiykarg'i' wazi'ypasi' tiyisli paydalani'wshi'lardi' tiyisli mag'li'wmat penen ta'miyinlew boli'p tabi'ladi'. Paydalani'wshi'lardi' ishki ha'm si'rtqi' toparg'a bo'liniwi bolsa esapti'n' finansli'q ha'mde basqari'w esabi'na bo'liniwine ali'p keledi. SHi'g'i'nlar haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlar birinshi na'wbette, xojali'q jumi'si'ni'n' finansli'q na'tiyjelerin ani'qlaw ushi'n za'ru'r boli'p tabi'ladi', yag'ni'y: buxgalteriya esabi'ni'n' tiykarg'i' wazi'ypasi paydalani'wshi'lardi' xojali'qti'n' finansli'q ahwali', yag'ni'y mu'liklik ahwali' ha'mde to'lew uqi'pli'li'g'i' haqqi'ndag'i' isenimli ha'm ani'q mag'li'wmatlar menen ta'miyinlew boli'p tabi'ladi'. Usi' talaplardi' ori'nlaw ushi'n o'ndirislik shi'g'i'nlari'ni'n' esabi' aldi'na to'mendegi wazi'ypalar qoyi'ladi':

−xojali'q jumi'si' menen baylani'sli' barli'q qarejetlerdi o'z waqti'nda toli'qli'g'i'nsha esapqa ali'w;

−shi'g'i'nlar haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlardi' ayri'qsha esap betlerinde ha'mde esabat formalari'nda tuwri' sa'wlelendiriw ushi'n jeterli da'rejedegi isenimli mag'li'wmatlar menen ta'miyinlew;

−ayri'qsha o'ndirislik processleri yamasa bo'limleri boyi'nsha shi'g'i'nlar esabi'n sho'lkemlestiriw ha'm olardi'n' u'stinen qadag'alawdi' ta'miyinlew;

−ayri'qsha o'nim tu'rleri boyi'nsha tiykarg'i' o'ndirislik shi'g'i'nlar haqqi'ndag'i' mag'li'wmatti' qa'liplestirip beriw;

−xojali'qti'n' o'ndirislik shi'g'i'nlari'ni'n' analizlengen mag'li'wmatlari'n ji'ynap beriw ha'm olardi'n' analizin a'melge asi'ri'w. Ha'r bir xojali'q o'ndirislik shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ha'm o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n tuwri' kalkulyaciya qi'li'w ushi'n to'mendegi qa'deler tiykar boli'p xi'zmet etedi;

−xojali'qtag'i' barli'q shi'g'i'nlardi' olardi'n' a'hmiyetliligine qaramastan toli'qli'g'i'nsha esapqa ali'w;

−shi'g'i'nlardi' xojali'qtag'i' jumi's ju'rgiziw salalari' boyi'nsha esapqa ali'w za'ru'r boli'p tabi'ladi'. Ani'g'i'rag'i' tiykarg'i' jumi's ju'rgiziw, basqa tu'rdegi jumi's ali'p bari'w, ma'selen, remontlaw, ja'rdemshi xojali'q, tiykarg'i' ha'm ja'rdemshi o'ndirislik bo'limsheler ha'm t.b;

−ha’r bir qarejetti ol tiyisli bolg’an da’wirde esapqa ali’w ha’m qaplaw sha’rt esaplanadi’.

Joqari’dag’i’ qa’delerge boysi’ni’w shi’g’i’nlardi’n’ esabi’ni’n’ optimal sho’lkemlestiriliwi, finansli’q esabatti’n’ bolsa ob’ektiv ha’m isenimli boli’wi’n ta’miyinleydi.

SHi’g’i’nlar esabi’ buxgalteriya esabi’ wazi’ypalari’nan kelip shi’g’i’p to’mendegi elementler boyi’nsha toparlarg’a bo’linedi:

SHi’g’i’nlar qurami’ O’zbekistan Respublikasi’ sali’q kodeksi ha’m “O’nim (jumi’s ha’m xi’zmetlerdi) o’ndiris ha’m sati’w shi’g’i’nlari’ni’n’ qurami’ ha’mde finansli’q na’tiyjelerin qa’liplestiriw ta’rtibi haqqi’ndag’i’ Reje”ge muwapi’q ani’qlanadi’.

**O’nim o’ndirisindegi shi’g’i’nlardi’n’ klassifikaciyasi’.**

| Klassifikaciya tu’ri | Qarejet tu’rleri |
|---|---|
| O’ndirislik processindegi ekonomikali’q orni’na qarap | Tiykarg’i’ ha’m u’zliksiz |
| Qurami’na qarap | Kompleks ha’m bir elementli |
| O’zine tu’ser bahasi’na o’tkiziw usi’li’na qarap | Tuwri’ ha’m qi’ysi’q |
| O’ndiristin’ ko’lemine qarap | O’zgeriwshen’ ha’m o’zgermeytug’i’n |
| Payda boli’wi’na qarap | U’zliksiz ha’m bir waqi’tli’ |
| O’ndiris processindegi qatnasi’wi’na qarap | O’ndirislik ha’m kommerciyali’q |
| Na’tiyjelilikke qarap | Na’tiyjeli ha’m na’tiyjesiz |

Usi’ normativlik hu’jjetlerge muwapi’q shi’g’i’nlar eki toparg’a bo’linip esapqa ali’ni’wi’ belgilengen.

1) O’nim o’zine tu’ser bahasi’na kirgiziletug’i’n shi’g’i’nlar;

2) O’nim o’zine tu’ser bahasi’na kirgiziletug’i’n shi’g’i’nlar;

1. O’nim o’ndirisindegi o’zine tu’ser bahasi’na kirgiziletug’i’n shi’g’i’nlar:

a) tikkeley ha’m janapay materialli’q shi’g’i’nlar;

b) tikkeley ha’m janapay miynet haqi’si’ shi’g’i’nlari’;

v) basqa tikkeley ha’m janapay shi’g’i’nlar, soni’n’ ishinde o’ndirislik o’zgeshelikke iye bolg’an u’steme shi’g’i’nlar.

Tikkeley shi’g’i’nlar dep, o’nimnin’ ayi’ri’m tu’rleri o’zine tu’ser bahasi’na tuwri’dan-tuwri’, yag’ni’y tikkeley o’tkiziletug’i’n shi’g’i’nlarg’a ayti’ladi’.

Janapay, yag'ni'y qosi'msha shi'g'i'nlar dep, esabat ayi' dawami'nda ji'ynap bo'listiriwshi esap betinde esapqa ali'ni'p, o'zine tu'ser bahasi'n kalkulyaciya qi'li'wda, o'nimnin' ayi'ri'm tu'rleri o'zine tu'ser bahasi'na qantayda bir ko'rsetkishke ten' salmaqli' ra'wishte bo'listiriw joli' menen qosi'latug'i'n shi'g'i'nlarg'a ayti'ladi'.

O'nim (jumi's ha'm xi'zmet)ler o'ndiriwdegi o'zine tu'ser bahasi'na tikkeley o'nim (jumi's ha'm xi'zmet)lerdi o'ndiris penen baylani'sli' bolg'an, o'ndiris texnologiyasi ha'm oni' sho'lkemlestiriw menen sha'rtlenilgen shi'g'i'nlar kiredi.

Joqari'dag'i' shi'g'i'nlar ekonomikali'q mazmuni'na baylani'sli' to'mendegi elementler menen toparlarg'a aji'rati'ladi':

- o'ndirislik materialli'q shi'g'i'nlar;
- o'ndirislik o'zgeshelikke iye bolg'an miynetke haqi' to'lew;
- o'ndiriske tiyisli bolg'an socialli'q qamsi'zlandi'ri'wg'a aji'ratadi';
- o'ndiriske tiyisli bolg'an tiykarg'i' qurallar tozi'wi' ha'm o'ndirislik a'hmiyetke iye bolg'an materialli'q emes aktivler amortizaciyasi';
- o'ndirislik a'hmiyetke iye bolg'an basqa shi'g'i'nlar.

Fermer xojali'qlari' ha'm basqa ka'rxanalar kibi payda ali'wdi' ko'beyttiriw jollari'n izlep tabi'wg'a ha'reket etedi. Paydani'n' qantay boli'wi'na bolsa shi'g'i'nlar ko'lemi tikkeley ta'sir ko'rsetedi. Soni'n' ushi'n shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ha'mde o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'n esaplaw xojali'qti'n' materialli'q resurslardan qanshelli aqi'lg'a muwapi'q ha'm na'tiyjeli paydalani'p ati'rg'anli'g'i' ha'mde shi'g'i'nlar u'stinen qantay baqlaw ornati'lg'anli'g'i'na baylani'sli'.

Fermer xojali'qlari'ni'n' o'ndirislik shi'g'i'nlari' dep, o'nimdi o'ndiriw menen baylani'sli' shi'g'i'nlarg'a ayti'ladi'. Olarg'a shiyki zatlar, materiallar, jani'lg'i', amortizaciya aji'ratpasi', xojali'q ag'zalari'ni'n' miynet haqi'si' ha'm o'nim o'ndirisi menen baylani'sli' basqa shi'g'i'nlar kiredi.

Eger bir tu'rdegi o'nim o'ndiriw menen baylani'sli' shi'g'i'nlardi'n' ja'mi summasi'n o'ndirilgen o'nim sani'na bo'lsek, o'ndirilgen bir birlik o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi' kelip shi'g'adi'. O'zine tu'ser baha ko'rsetkishi xojali'q

jumi'si'nda a'hmiyetli sapa ko'rsetkishlerinen biri esaplanadi'. Ol qanshelli pa's bolsa, o'ndiristin' rentabelligi sonshaelli joqari' boladi'. O'zine tu'ser bahag'a xojali'qti'n' ha'mme shi'g'i'nlari' qosi'lmaydi', bazi' bir shi'g'i'nlari' basqa da'rekleri esabi'nan qaplanadi'. Ma'selen, payda esabi'nan da'wir shi'g'i'nlari' qaplanadi'.

O'nim o'ndirisi boyi'nsha shi'g'i'nlar kalkulyaciya statyalari' boyi'nsha o'ndiristin' tu'rleri, shi'g'i'nlardi'n' payda boli'w ori'nlari', o'nim tu'rleri boyi'nsha buxgalteriya esabi'nda sa'wlelenedi. SHi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ha'mde o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi' ani'qlawdan tiykarg'i' maqset o'ndiris ha'm sati'w menen baylani'sli' shi'g'i'nlardi' o'z waqti'nda, toli'qli'g'i'nsha ha'm haqi'yqi'y halda ani'qlaw, soni'n' menen birge ayi'ri'm o'nimlerdin' haqi'yqi'y o'zine tu'ser bahasi'n esaplaw ha'mde resurslar ha'm pul qarji'lari'ni'n' jumsali'wi' u'stinen baqlaw ju'riziwdi ornati'w boli'p tabi'ladi'.

Diyqanshi'li'q o'ndirisi shi'g'i'nlari' da basqa ka'rxanalar si'yaqli' O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' 1999-ji'l 5-fevraldag'i' 54-sanli' qarari' menen tasti'yi'qlang'an «O'nim (jumi'slar, xi'zmetler) di o'ndiriw ha'm sati'w shi'g'i'nlari'ni'n' qurami' ha'mde finansli'q na'tiyjelerni qa'liplestiriw ta'rtibi haqqi'nda Reje» ge muwapi'q du'ziledi.

Bul Reje buxgalteriya esabi' ha'm esabati' boyi'nsha a'meldegi ni'zamshi'li'qti' inabatqa alg'an halda xojali'q sub'ektleri bolg'an (o'z jumi'si'n bankte esap - kitap schyoti'n ashi'p ali'p baratug'i'n) yuridikali'q shaxslar ta'repinen o'nim (jumi'slar, xi'zmetler) o'zine tu'ser bahasi'na qosi'latug'i'n shi'g'i'nlardi' birdey tu'rge keltiriw maqsetinde islep shi'g'i'lg'an.

Diyqanshi'li'q shi'g'i'nlari' boyi'nsha esapti'n' tiykarg'i' maqseti shi'g'i'nlardi' o'z waqti'nda ha'm ani'q esapqa ali'p bari'w ha'm xojali'q ju'rgiziwshi sub'ektlerdin' da'ramati'n duri's qa'liplestiriwden ibarat.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ha'r bir ministrlikleri, mekemeleri, ma'mleketlik ha'm basqari'w organlari', O'zbekistan Respublikasi' Finans ministrligi, Ma'mleketlik statistika Komiteti, ha'm Ma'mleketlik Sali'q Komiteti

menen kelisilgen halda usi’ Reje tiykari’nda shi’g’i’nlar qurami’n esapqa ali’w o’zgesheliklerin ani’qlap aladi’.

Ekonomikali’q elementleri boyi’nsha shi’g’i’nlarg’a materialli’q shi’g’i’nlar, miynetke haqi’ to’lew shi’g’i’nlari’, socialli’q qamsi’zlandi’ri’w ha’m pensiya fondi’na aji’ratpalar, tiykarg’i’ fondlar amortizaciyasi’ ha’m basqa shi’g’i’nlar kiredi. Bul elementlerdin’ ha’r biri boyi’nsha shi’g’i’nlar haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar tiyisli schyotlarda toparlarg’a aji’rati’ladi’. Solay etip, materiallar 1000- «Materiallar» schyoti’ boyi’nsha ashi’lg’an tiyisli schyotlar (1010-1090 schyotlar) di’n’ kreditinde sa’wlelendirilip, tiyisli qarejet schyotlari’ depetinde sa’wlelenedi. Bul sari’plag’an materiallardi’ xojali’q processleri ortasi’nda bo’listiriw imka’niyati’n beredi, miynet haqi’ shi’g’i’nlari’ bolsa – o’z-ara baylani’si’wshi’ schyotlar boyi’nsha 6710- «Miynet haqi’ boyi’nsha xi’zmetkerler menen esap-kitaplar» schyoti’ni’n’ kreditinde sa’wlelenedi.

Birden-bir socialli’q to’lem ha’m basqa ma’mlekettin’ maqsetli jamg’armalari’na aji’ratpalar summasi’ 6520-«Maqsetli ma’mleketlik jamg’armalarg’a to’lemler» schyoti’nin’ kreditinde ko’rsetiledi, tiykarg’i’ qurallardi’n’ tozi’wi’ bolsa - tiykarg’i’ qurallardi’n’ tu’rlerine qarap 0200-schyot boyi’nsha ashi’lg’an tiyisli schyotlar (0211-0299 schyotlar) di’n’ kreditinde sa’wlelenedi ha’m o’z-ara baylani’si’wshi’ schyotlar boyi’nsha xojali’q processleri ortasi’nda bo’listiriledi; basqa shi’g’i’nlar summasi’ 5010-«Milliy valyutadag’i’ pul qarji’lari’», 5110 «Esap -kitap schyoti’», 6010-«tovar jetkizip beriwshiler ha’m arendashi’larg’a to’lenetug’i’n schyotlar» ha’m basqa schyotlardi’n’ kredit oborotlari’ mag’li’wmatlari’ boyi’nsha ani’qlanadi’.

Solay etip, buxgalteriya esabi’ni’n’ schyotlar sistemasi’ barli’q shi’g’i’nlardi’ ekonomikali’q elementleri boyi’nsha esapqa ali’w ha’m olardi’ xojali’q processleri arasi’nda bo’listiriwdi ta’miyinleydi. Liykin shi’g’i’nlar ori’n alg’an jerleri boyi’nsha shi’g’i’nlar qurami’ u’stinen baqlaw ju’rgiziw ha’m o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw ushi’n o’ndiris processinde tek ne na’rse sari’plag’ani’n emes, balkim bul shi’g’i’nlar qantay maqsetlerge (qay jerge, ne ushi’n) sari’plag’ani’n biliw de za’ru’r, yag’ni’y shi’g’i’nlardi’ bag’dari’

boyi’nsha, olardi’ texnologiyali’q processleri boyi’nsha esapqa ali’w za’ru’r. SHi’g’i’nlardi’ bunday esapqa ali’w o’zine tu’ser bahasi’n quramli’q bo’lekleri boyi’nsha ha’m o’nimnin’ ayi’ri’m tu’rleri boyi’nsha analizlew imka’niyati’n beredi. Sol maqsette o’ndiriske qi’li’ng’an shi’g’i’nlar tiykarg’i’, ja’rdemshi ha’m o’ndiriske xi’zmet ko’rsetiwshilerge bo’linedi. O’ndiriske xi’zmet ko’rsetiwshi shi’g’i’nlar qurami’nda ayri’qsha birden-bir statyalar boyi’nsha mashina ha’m a’spab - u’skeneler ha’mde olardan paydalani’w shi’g’i’nlari’, uli’wma o’ndirislik shi’g’i’nlar ha’m basqalar esapqa ali’nadi’.

## 1.2. Diyqanshi'li'q shi'g'i'nlari'n esapqa ali'w ushi'n mo'lsherlengen schyotlar sistemasi'

O'ndiris processinin' quramali'g'i', xojali'qti'n' xojali'q jumi'si'nda oni'n' a'hmiyeti, shi'g'i'nlardi'n' ha'r tu'rliligi pu'tkil bir topar o'ndirislik shi'g'i'nlar schyotlari'nan paydalani'wdi' talap etedi: 21-milliy buxgalteriya standarti'na muwapi'q shi'g'i'nlardi' esapqa ali'wda to'mendegi esap betlerdi qollaw belgilep qoyi'lg'an.

2010-«Tiykarg'i' o'ndirislik»,

2310-«Ja'rdemshi o'ndirislik»,

2510-«Uli'wma o'ndirislik»,

2610-«O'ndiristegi jaramsi'z o'nimler»,

3110-«Aldi'nnan to'lengen ijara haqi'»,

3120-«Aldi'nnan to'lengen xi'zmet haqi'»,

3190-«Basqa aldi'nnan to'lengen shi'g'i'nlar»,

8910 «Keleshektegi da'wir shi'g'i'nlari' ha'm to'lemler rezervi».

Elementler ha'm kalkulyaciya statyalari' boyi'nsha shi'g'i'nlari' esabi'n ta'miyinlew ushi'n ha'mme shi'g'i'nlar o'ndirilip ati'rg'an o'nim tu'rleri boyi'nsha 2010-esap betinde toparg'a aji'rati'ladi'. 2010-"Tiykarg'i' o'ndiris" esap beti tiykarg'i' o'ndiriske, yag'ni'y usi' xojali'qti' sho'lkemlestiriwden o'nim (jumi'slar ha'm xi'zmetler) jetistiriw maqset bolg'an o'ndiriske sari'plang'an shi'g'i'nlar haqqi'ndag'i' mag'li'wmatti' uli'wmalasti'ri'w ushi'n belgilenilgen.

2310- "Ja'rdemshi o'ndiris" esap beti tiykarg'i' o'ndiris yamasa xojali'qti'n' tiykarg'i' jumi'si' ushi'n ja'rdemshi (ko'mekshi) bolg'an o'ndirislerdin' shi'g'i'nlari' haqqi'ndag'i' mag'li'wmatti' uli'wmalasti'ri'w ushi'n belgilenilgen.

Ja'rdemshi o'ndiris o'nim ha'm xi'zmetler cex ha'mde zavod bo'limleri ta'repinen isletiledi. Soni'n' ushi'n ja'rdemshi o'ndiriste o'nim ha'm xi'zmetler o'zine tu'ser bahasi' o'ndiristi basqari'w ha'm og'an xi'zmet ko'rsetiw shi'g'i'nlari' qurami'na kirgiziledi.

2510-“Uli’wma o’ndirislik shi’g’i’nlar” esap beti xojali’qti’n’ tiykarg’i’ ha’m ja’rdemshi o’ndirislerine xi’zmet ko’rsetiw boyi’nsha shi’g’i’nlari’ haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlardi’ uli’wmalasti’ri’w ushi’n belgilenilgen.

O’ndirislik shi’g’i’nlardi’ hu’jjetlerde duri’s ha’m o’z waqti’nda ra’smiylestiriw xojali’qta basqari’w esabi’ni’n’ na’tiyjeli islewin ta’miyinleydi. Soni’n’ menen birgelikte esap mag’li’wmatlari’ tiykari’nda xojali’q o’ndirisi jumi’si’n analizlew ha’m keleshektegi jumi’slardi’ rejelestiriw imka’niyati’ artadi’.

2010 «Tiykarg’i’ o’ndiris» schyoti’nin’ depetinde o’nim o’ndirisi menen tikkeley baylani’sli’ bolg’an tuwri’ shi’g’i’nlar, sonday-aq ja’rdemshi o’ndirislik shi’g’i’nlar, braktan ko’rilgen jog’alti’wlar ha’m tiykarg’i’ o’ndiristi basqari’w ha’m xi’zmet ko’rsetiw menen baylani’sli’ bolg’an egri shi’g’i’nlar sa’wlelenedi.

2010 «Tiykarg’i’ o’ndiris» schyoti’ depetlengende to’mendegi schyotlar kreditleniwi mu’mkin:

0211-0299 schyotlar - o’nim o’ndiriste tikkeley qatnasqan tiykarg’i’ qurallardi’n’ tozi’w summasi’na;

1010-1090 schyotlari’ - sari’plag’an material qunli’qlari’ summasi’na;

2310-schyoti’ - ja’rdemshi o’ndirislik shi’g’i’nlar esaptan shi’g’ari’lg’anda;

2510-schyoti’ - uli’wma o’ndirislik shi’g’i’nlar esaptan shi’g’ari’lg’anda;

2610-schyoti’ - jaramsi’z o’nimnen ko’rilgen zi’yanlar esaptan shi’g’ari’lg’anda;

3110-3190 - schyotlari’ - keleshektegi da’wir shi’g’i’nlari’ esaptan shi’g’ari’lg’anda;

6710-schyoti’ - jumi’sshi’larg’a esaplang’an miynet haqi’si’ summasi’na;

6520-schyoti’ - socialli’q qamsi’zlandi’ri’w ha’m ma’mlekettin’ maqsetli jamg’armalari’na esaplang’an summag’a.

2010-«Tiykarg’i’ o’ndiris» schyoti’ni’n’ kreditinde o’ndirilgen tayar o’nim ori’nlang’an jumi’s ha’m xi’zmetlerdin’ haqi’yqi’y (esabat da’wiri ishinde - reje) o’zine tu’ser bahani’n’ summasi’ sa’wlelendiriledi. Bul waqi’tda 2010-«Tiykarg’i’ o’ndiris» schyoti’ kreditlenip to’mendegi schyotlar depetlenedi:

2810-«Skladtag'i' tayar o'nimler» - skladqa tapsi'ri'lg'an tayar o'nimnin' haqi'yqi'y (rejedegi) o'zine tu'ser bahasi' summasi'na;

9110-«Sati'lg'an tayar o'nimler tannnarxi» schyoti' -sati'lg'an o'nimler o'zine tu'ser bahasi' summasi'na;

1010-1050 - schyotlari' - o'ndiristen qaytari'p skladqa tapsi'ri'lg'an materiallar quni'na;

1110-«O'rshitiwdegi haywanlar» schyoti' - haywanlardan ali'ng'an na'sildi kirimge ali'ni'wi';

2610-«O'ndiristegi jaramsi'z o'nimler» schyoti' -du'zetip balmaytug'i'n jaramsi'z o'nimnin' esaptan shi'g'ari'li'wi';

9430-«Basqa operaciyali'q shi'g'i'nlar» schyoti' - biykar etilgen buyi'rtpalar shi'g'i'nlari'ni'n' esaptan shi'g'ari'li'wi'.

2010-«Tiykarg'i' o'ndiris» schyoti'nda ay aqi'ri'na qalg'an qaldi'q tamamlanbag'an o'ndiristin' o'zine tu'ser bahasi'n ko'rsetedi.

O'ndiristi basqari'w ha'm og'an xi'zmet ko'rsetiw shi'g'i'nlari' ayri'qsha esapqa ali'nadi'. Olar o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'na ayri'qsha kalkulyaciya statyasi' boli'p qosi'ladi'. Uli'wma o'ndirislik shi'g'i'nlar nomenklaturasi' boyi'nsha shi'g'i'nlar smetasi' du'ziledi. Buxgalteriya esabi' ja'rdeminde bul smetalardi'n' ori'nlani'wi' qadag'alanadi'. Bunday shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ushi'n 2510-«Uli'wma o'ndirislik shi'g'i'nlar» ji'ynawshi'-tarqati'wshi' schyoti'gan paydalani'ladi'. Bul schyot aktiv boli'p, ekonomikali'q mazmuni' boyi'nsha xojali'q processleri ahwali'n ta'riyipleydi. Bul schyotta, atap aytqanta, to'mendegi shi'g'i'nlar sa'wlelendiriliwi mu'mkin: mashina ha'm a'spab-u'skenelerdi saqlaw; o'ndiris bag'dari'ndag'i' tiykarg'i' qurallardi' toli'q tiklewine aji'rati'lg'an amortizaciya; remontlaw shi'g'i'nlari'; o'ndirislik mu'liklerdi qamsi'zlandi'ri'w shi'g'i'nlari'; o'ndirislik xanalari'n i'si'ti'w, jaqti'landi'ri'w ha'm saqlaw shi'g'i'nlari'; o'ndirislik xanalari', mashina ha'm a'spab-u'skeneleri ha'm o'ndiriste paydalani'latug'i'n basqa ijarag'a ali'ng'an qurallar ushi'n to'lengen ijara haqi'si'; o'ndiriske xi'zmet ko'rsetiwde ba'nt bolg'an

xi’zmetkerlerdin’ miynet haqi’si’; ornalasti’ri’li’wi’ sog’an usag’an basqa shi’g’i’nlar.

Xojali’qlarda uli’wma o’ndirislik shi’g’i’nlardi’n’ esabi’ shi’g’i’nlar qurami’ haqqi’ndag’i’ Rejege muwapi’q qarejet elementleri boyi’nsha schyotlar ashi’p ju’rgiziliwi mu’mkin.

O’ndirislik shi’g’i’nlar schyotlari’ni’n’ sistemasi’ shi’g’i’nlar esabi’n to’mendegi izbe-izlikte gruppalawdi’ bildiredi:

a) oy dawami’nda qarejet elementleri (material, miynet haqi’, amortizaciya ha’m t.b.) o’ndiris schyotlari’ni’n’ depetinde sa’wlelenedi;

b) usi’ ay qarejetine keleshektegi da’wir shi’g’i’nlari’ o’tkiziledi ha’m keleshektegi da’wir qarejet ha’m to’lemleri sho’lkemlestiriledi;

v) ja’rdemshi o’ndirisler jumi’slari’ ortasi’nda mashina ha’m a’spab-u’skenelerdi saqlaw ha’m olardan paydalani’w shi’g’i’nlari’ bo’listiriledi;

g) a’spab-u’skenelerdi saqlaw ha’m olardan paydalani’w, tiykarg’i’ bo’limlerdin’ uli’wma o’ndirislik shi’g’i’nlari’ ja’mlenip bo’listiriledi;

d) tiykarg’i’ o’ndiristen ali’ng’an tayar o’nim ha’m tamamlanbag’an o’ndiristin’ o’zine tu’ser bahasi’ ani’qlanadi’.

No’kis rayoni’ndag’i’ «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda muwapi’q 2010-«Tiykarg’i’ o’ndiris» schyoti’ ashi’lg’an. Xojali’qta o’ndirislik shi’g’i’nlar schyotlari’ni’n’ sistemasi’ shi’g’i’nlar esabi’n to’mendegi izbe-izlikte gruppalaw imka’niyati’n beredi: ay dawami’nda qarejet elementleri (material, miynet haqi’, amortizaciya ha’m t.b.) o’ndiris schyotlari’ni’n’ depetinde sa’wlelenedi; uli’wma o’ndirislik shi’g’i’nlar bo’listiriledi; tiykarg’i’ o’ndiristen ali’ng’an tayar o’nim ha’m tamamlanbag’an o’ndiristin’ o’zine tu’ser bahasi’ ani’qlanadi’.

Ka’rxana boyi’nsha o’ndirislik shi’g’i’nlardi’ №10-jurnal orderde ja’mlenedi. Usi’ jurnal order shaxmat kombinaciyasi’ principine muwapi’q du’ziledi. Kredit esap betleri bag’analar boyi’nsha, depet esap betleri qatarlar boyi’nsha jaylasti’ri’lg’an. YAg’ni’y o’ndirislik shi’g’i’nlar sintetikali’q esap betleri sistemasi’ qatarlar boyi’nsha jaylasti’ri’lg’an. Bag’analar ha’m qatarlar boyi’nsha mag’li’wmatlar ji’ynalg’anda na’tiyjeler bir-birine sa’ykes keliwi kerek. №10

jurnal order mag'li'wmatlari' o'ndirislik shi'g'i'nlardi' ekonomikali'q elementler boyi'nsha ani'qlaw ushi'n ha'mde o'zine tu'ser bahani' esaplaw ushi'n tiykar boli'p xi'zmet etedi. №10 jurnal order juwmaqlawshi' mag'li'wmatlardi' №10-1 jurnal orderinin' qatari' boyi'nsha ko'shiriledi. №10-1 jurnal order №10 jurnal orderdin' dawami' boli'p esaplanadi'. Onda №10 jurnal orderindegi kredit boyi'nsha esap betleri aylani'si' sa'wlelenedi ha'm o'ndirislik emes esap betleri depeti menen korrespondenciyalasadi'.

Juwmaqlawshi' mag'li'wmatlar ja'mlenip, kredit boyi'nsha esap betleri oborot summalari' ani'qlanadi' ha'm bas kitapqa ko'shiriledi. Bas kitap ji'lli'q esabatlardi'n' tiykari'n quraytug'i'n juwmaqlawshi' mag'li'wmatnama boli'p esaplanadi'. Usi' kitapta belgili da'wir arali'g'i'nda ha'r bir esap betlerinde operaciyalar oboroti sa'wlelenedi.

Diyqanshi'li'q tarmag'i' o'nimlerinin' shi'g'i'nlari'n ha'm shi'g'i'wi'n esapqa ali'w 2010-"Tiykarg'i' o'ndiris" schyoti'nda a'melge asi'ri'ladi'. Bul schyottin' depetinde o'ndiriske sari'plang'an shi'g'i'nlar, kreditinde-o'nimnin' shi'g'i'wi' esapqa ali'nadi'. Depet ha'm kredit boyi'nsha jazi'wlar ji'l dawami'nda o'sip bari'wshi' summalarda du'ziledi. Sog'an baylani'sli' ag'i'mdag'i' balansda schyotti'n' mag'li'wmatlari' jayi'lg'an halda ko'rsetiledi. Tek ji'l aqi'ri'na kelip schyot boyi'nsha qaldi'q ani'qlani'p, oni' juwmaqlawshi' balansda diyqanshi'li'q tarmag'i'ni'n' tamamlanbag'an o'ndiris summasi' si'pati'nda sa'wlelenedi.

Diyqanshi'li'q tarmag'i'nda shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ob'ektleri to'mendegilar boli'p tabi'ladi':

1. Eginler yamasa egin toparlari'.
2. Awi'l xojali'q jumi'slari'.
3. Bo'listiriliwi lazi'm bolg'an shi'g'i'nlar.
4. Basqa ob'ektler.

SHi'g'i'nlardi' o'stirilip ati'rg'an anaw yamasa mi'naw eginke ag'i'mdag'i' ji'l zu'ra'a'tligine tikkeley o'tkiziw mu'mkin bolg'an barli'q hallarda olar birinshi topar shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ob'ektleri schyotlari'nda esapqa ali'nadi'. Ekinshi topar shi'g'i'nlari'n esapqa ali'w ob'ektleri sostavi'nda keleshektegi ji'l

zu’ra’a’tligi ushi’n islengen awi’l xojali’g’i’ jumi’slari’n ori’nlaw shi’g’i’nlari’ sa’wlelenedi, bulardi’ ta’biyiyki, zu’ra’a’tligi ag’i’mdag’i’ ji’lda ali’natug’i’n eginler shi’g’i’nlari’n esapqa ali’w ob’ektlerine o’tkizip balmaydi’. Olardi’ esapqa ali’wshi’ ekinshi topar ob’ektleri qurami’nda esapti’n’ bir neshe yamasa ko’p g’ana ob’ektlerine o’tkiziletug’i’n, demek olarg’a bo’listiriletug’i’n (ag’i’mdag’i’ remont, suwg’ari’w ha’m quri’ti’w shi’g’i’nlari’ ha’m basqalar) shi’g’i’nlar esapqa ali’nadi’. To’rtinshi topar esabi’ ob’ektleri qurami’nda ot-jem o’ndirisi ha’m ayi’ri’m basqa shi’g’i’nlar esapqa ali’nadi’.

Birinshi topar. Da’n ha’m masaqli’ da’n eginleri, ot-jem eginleri. Texnikali’q eginler. Miywe rezavor miywe ha’m basqa ko’p ji’lli’q terekler. Tuxi’mli’q eginler.

Joqari’da keltirilgen klassifikaciya boyi’nsha birinshi topar esap ob’ektlerinin’ barli’g’i’ to’rt topar: U’zliksiz suwg’ari’latug’i’n jerler, sha’rtli suwg’ari’latug’i’n jerler, sha’rtli suwg’ari’latug’i’n jerler, jawi’nnan ishetug’i’n jerler boyi’nsha shegaralanadi’. Demek, xojali’qlarda bazi bir eginnin’ o’zi suwg’ari’latug’i’n ha’m jawi’nnan ishetug’i’n jerlerg’e egilgen bolsa, olar boyi’nsha shi’g’i’nlar esabi’ ha’r tu’rli ob’ektleri boyi’nsha shegaralanadi’. Jawi’nnan suw ishetug’i’n jerlerdegi shi’g’i’nlar qurami’ndag’i’ suwg’ari’latug’i’n jerlerde o’nim jetistiriw shi’g’i’nlari’ ayri’qsha aji’rati’ladi’.

Ekinshi topar: Ori’nlang’an awi’l xojali’g’i’ jumi’slari’ boyi’nsha shi’g’i’nlari’ esabi’ni’n’ ob’ektleri, joqari’da atap o’tilgenindey, egerde awi’l xojali’g’i’ boyi’nsha ag’i’mdag’i’ ji’ldag’i’ zu’ra’a’t esabi’ ob’ektlerine o’tkiziw mu’mkin bolmag’an hallarda aji’rati’ladi’. Bul keleshektegi ji’llar zu’ra’a’tlerine, yag’ni’y diyqanshi’li’qtag’i’ tamamlanbag’an o’ndiristegi sari’plang’an qarejetler boli’p tabi’ladi’. Bul toparg’a shi’g’i’nlar esabi’ni’n’ ob’ektleri si’pati’nda to’mendegi jumi’s tu’rleri: gu’zgi da’nli eginler ushi’n ha’r bir egin boyi’nsha jerge islew beriw, ko’k egis ha’m silos ushi’n gu’zgi da’nli eginler (egerde olar aji’rati’lsa), pali’z eginlerin gu’zde egiw (eginler boyi’nsha), gu’zgi shu’digar jumsati’w (gu’zgi shu’digarsi’z) organikali’q to’ginlerdi shi’g’ari’w, mineral to’ginlerdi shi’g’ari’w, qardi’ saqlap qali’w (IV-kha’mrtalda). Aldi’ng’i’ ji’llar

Tayar o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi' esaplawda to'mendegi usi'llarg'a murojaat qi'li'wadi: Ha'mme shi'g'i'nlardi' esapqa alg'an halda shi'g'i'nlardi' kalkulyaciya qi'li'w yamasa olardi'n' bir bo'legi bolg'an o'zgeriwshen' shi'g'i'nlardi'gina esapqa ali'p, kalkulyaciya qi'li'w mu'mkin.

## 2.2. Diyqanshi’li’q shi’g’i’nlari’ni’n’ ekonomikali’q elementi ha’m ali’ng’an o’nimler hu’jjetlestiriliwi ha’mde analizi

O’ndirislik shi’g’i’nlardi’ esapqa ali’w ha’m analiz etishnin’ usi’li’y ha’m normativlik shakli O’zbekistan Respublikasi Finans ministrligi ta’repinen 1999 ji’l 5 fevralda tasdiqlang’an 54-sonli “O’nim (ori’nlang’an ish, ko’rsetilgen xi’zmet)lar o’ndirislik o’zine tu’ser bahasi’, o’nim (ish ori’nlaw ha’m xi’zmet ko’rsetiw) o’ndirislik ha’m sati’w shi’g’i’nlari’ qurami’ ha’m finansli’q na’tiyjelerdin’ shakllani’w ta’rtibi tuwri’sida”gi Reje menen belgilanadi’.

Sanoat ka’rxanalari’ o’ndirislik shi’g’i’nlardi’ rawajlandi’ri’w maqsetinde buxgalteriya esabi’ ha’m esabatida oni’n’ bag’darlari’ boyi’nsha toparlarg’a aji’rati’w maqsetga muwapi’qdir:

1. SHi’g’i’nlardi’n’ ekonomikali’q elementleri boyi’nsha.

2. SHi’g’i’nlardi’n’ kalkulyacion statyalari’ boyi’nsha.

SHi’g’i’nlardi’n’ elementi boyi’nsha toparlarg’a aji’rati’wdan maqset olardi’n’ strukturasi ha’m dinamikasini baqlaw qi’li’wdan ibarat.

Ko’rsetkishlerdi’ taqqoslash arqali’ jonli miynet menen basqa qarejet tu’rlerinin’ nisbati, o’ndirislik zapaslari’n normallasti’ri’w ha’m analiz etish, oborot qarji’lardi’n’ tezligini ani’qlaw ha’m milliy da’ramatni esaplaw imka’niyati’ tug’iladi.

SHi’g’i’nlardi’n’ elementleri boyi’nsha analiz na’tiyjelerine muwapi’q material sig’imi, miynet sig’imi ha’m fond sig’imi da’rejelari’ boyi’nsha o’zine tu’ser bahasi’n pa’seytiriw imkoniyatlari’n ani’qlaw mu’mkin.

Analiz etishda ja’mi qarejetdagi ha’r bir elementtin’ tutgan salmag’i’ ani’qlani’p, o’tken ji’ldagisi ha’mde smetadagi ko’rsetkishler menen taqqoslani’p, olardi’n’ o’zgarish sabablari’ ani’qlanadi’.

O’nimlerni o’ndirislik menen baylani’sli’ bolg’an shi’g’i’nlar qurami’ni ekonomikali’q elementleri ha’m statyalari’ boyi’nsha to’mendegi tarkibda beriw mu’mkin.

O’ndirislik shi’g’i’nlardi’ ekonomikali’q elementleri ha’m kalkulyacion statyalari’ boyi’nsha u’yreniw to’mendegicha farqlanadi’, yag’ni’y, bo’limler ha’m

ka’rxana boyi’nsha wrganiladi, o’nimler turi ha’m turkumi boyi’nsha bolsa o’ndirislik shi’g’i’nlar kalkulyaciya statyalari’ tiykari’nda kori’p chietedi. Analiz etishda o’ndirislik shi’g’i’nlardi’n’ ja’mi qurami’ boyi’nsha o’zgarishlari’ mutloq ha’m nisbiy jihatdan wrganiladi. Nisbiy jihatdan u’yreniwda ha’r bir turkum qarejet statyasi yamasa elementinin’ ja’mi o’ndirislik shi’g’i’nlar qurami’ndag’i’ salmag’i’ga baha beriladi.

O’ndirislikni sho’lkemlestiriwda texnik qurallarg’a tayanish na’tiyjesinde ka’rxanalarda unumdorlik da’rejesi ortadi, amortizaciya aji’ratpalari’ mutloq summada o’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda ortsa ham, olardi’n’ nisbiy ko’rsetkishleri’ yag’ni’y o’nim narxidagi u’lesi pasayadi.

Buxgalteriya esabi’dagi diyqanshi’li’q tarmag’i’ shi’g’i’nlari’ ha’m o’niminin’ shi’g’i’wi’ haqqi’ndag’i’ barli’q jazi’wlar da’slepki tiyisli hu’jjetler mag’li’wmatlari’na tiykarlani’p yoziladi. Hu’jjetlerdin’ to’rt topari’: sari’plag’an miynet, miynet buyumlari’, miynet qurallari’ ha’m o’nimnin’ shi’g’i’wi’n esapqa ali’wni aji’rati’w mu’mkin.

Sari’plag’an miynetni esapqa ali’w hu’jjetleri diyqanshi’li’q tarmag’i’da o’stirilip ati’rg’an eginler boyi’nsha ani’q ishlardi’ ori’nlaw ushi’n sari’plag’an miynetni ha’m bu ushi’n esaplang’an to’lewni qayd etadi. Mexanizmlashgan ishlarda “Traktorchi-mashinisttin’ esap betleri” (67 ha’m 67-b formalar), mexanizmlashgan ishlarda “Miynet esabi’ ha’m ori’nlang’an ishlar betleri” (66 ha’m 66-a formalari’) qwllanadi’. Bundan ti’sqari’ ixtisoslasti’ri’lg’an hu’jjetler-waqi’ti-waqti’nda avans berib miynetke akkord-mukofotli haqi’ to’lew sistemasi’da basqari’wchinin’ “Miynetni ha’m ori’nlang’an ishlardi’ esapqa ali’w daftarchasi” (65-shakl), sonday-aq ishlang’an waqi’tni esapqa ali’w ushi’n-“ish waqi’tini esapqa ali’w tabeli” (64-shakl) qwllanadi’.

Miynet buyumlari’ sarfinin’ esabi’ boyi’nsha, hu’jjetlerda diyqanshi’li’q tarmag’i’da ha’r tu’rli materialli’q qunlar, tuqi’m, to’gin, zaha’rli ximikatlar, gerbicidlar, ehtiyot qismlar ha’m hokazolardi’ qayd etadi. Egiwge sari’plag’an tuqi’m ha’m egiw materiallari’ “Tuqi’m ha’m egiw materiallari’n sarflash dalolatnomasi” (119-shakl), to’gin, zaha’rli ximikat ha’m gerbicidlar sarfi

“Mineral, organik ha’m bakterial to’ginler, zaha’rli ximikatlar ha’m gerbicidlardan paydalani’w haqqi’ndag’i’ dalolatnoma” (118-shakl), “Mayda inventar, o’ndirislik ha’m xojali’q inventarilardi’ dizimdan shi’g’ari’w dalolatnoma”lari’ (126-shakl) menen rasmiylashtiriladi ha’m hokazo.

Da’slepki hu’jjetler ko’rsetkishleri’ oy aqi’ri’nda “Materialli’q qunlar ha’reketi haqqi’ndag’i’ esabat”larda (121-shakl) tizimlashtiriladi, shundan swng bo’limlerdin’ o’ndirislik esabatlari’na materialli’q qunlar sarfi haqqi’nda tiyisli jazi’wlar kirgiziledi.

Miynet qurallari’ sarfini esapqa ali’w hu’jjetleri diyqanshi’li’q tarmag’i’da paydalanilgen miynet qurallari’ boyi’nsha shi’g’i’nlardi’ qayd etib, bu shi’g’i’nlar o’tkizilgen amortizaciya aji’ratpalari’nda o’z aksini topadi. Bug’an amortizaciyani esaplaw ha’m bo’listiriw boyi’nsha ha’r tu’rli esap-kitaplar: ji’l basidagi ahwali’na baylani’sli’ “Tiykarg’i’ qurallar boyi’nsha amortizaciya aji’ratpalar esap-kitapi” (52- shakl), “Kelip tushgan ha’m ishdan chiqqan tiykarg’i’ qurallar boyi’nsha amortizaciya aji’ratpalari’ esap-kitapi” (60-shakl), “Bir oyda aji’rati’lg’an amortizaciya aji’ratpalari’ qaydnomasi” (62-shakl), “Amortizaciya diyqanshi’li’q tarmag’i’ tiykarg’i’ qurallari’ boyi’nsha bo’listiriw qaydnomasi” (63- shakl).

Bul topar menen tiykarg’i’ qurallardi’n’ ag’i’mdag’i’ remonti boyi’nsha hu’jjetler uzviy baylani’sqan. Bularg’a “Mashinalar remonti defektlari’ni’n’ qaydnomasi” (130-shakl), “Ag’i’mdag’i’ remontni bo’listiriw qaydnomasi” tiyisli boli’p tabi’ladi’.

Solay etip, diyqanshi’li’q tarmag’i’da shi’g’i’nlardi’ esapqa ali’w boyi’nsha ham, o’nimni shi’g’i’wi’ boyi’nsha ham ko’p mug’dardagi xilma-xil hu’jjetlerdan paydalani’ladi’. Hu’jjetlerdi ha’r bir topari’nin’ mag’li’wmatlari’ islew berilgenda belgili belgilari’na baylani’sli’ hu’jjetler ha’reketi ha’m olardan paydalani’wiga baylani’sli’ tizimlashtiriladi. Miynet sarfini esapqa ali’w hu’jjetlerinin’ mag’li’wmatlari’ ish haqi’si’ (miynetke haqi’ to’lew)ni esaplaw ha’m to’lew ushi’n bir islewshi ha’mde xi’zmetkerler kategoriyasi boyi’nsha ish haqi’si’ (miynetke haqi’ to’lew) jamg’armasidan paydalani’wni baqlaw qi’li’w ushi’n tizimlashtiriladi. Miynet buyumlari’n esapqa ali’w boyi’nsha hu’jjetlerping

mag'li'wmatlari' materialli'q javobgar shaxslar ha'mde materialli'q qunlardi'n' kelip tushishi ha'm sarflani'wi bag'darlari' boyi'nsha tizimlashtiriladi. Miynet qurallari'ni'n' sarfi boyi'nsha hu'jjetlerdin' mag'li'wmatlari' bir tu'rdegi tiykarg'i' qurallar toparlari' ha'm tu'rleri ha'mde tiykarg'i' qurallardan paydalani'w bag'darlari' boyi'nsha tizimlashtiriladi. O'nimlerdin' shi'g'i'wi'ga doir hu'jjetler mag'li'wmatlari' o'nim tu'rleri materialli'q javobgar shaxslar, o'nimnin' kelip tushish ha'm sarflash bag'darlari' boyi'nsha tizimlashtiriladi.

Soni'n' menen birge diyqanshi'li'q salasi'ndagi barli'q hu'jjetlerdin' mag'li'wmatlari' shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w ob'ektleri-ish tu'rleri ha'mde eginler (egin toparlari') boyi'nsha a'lbette tizimlashtiriladi. Bunday tizimlasti'ri'wda maxsus islep shi'g'i'lg'an jamg'arish qaydnomasi ha'm jurnallari'ndai paydalani'ladi'. Ma'selen, joqari'da aytib wtilgen miynet sarflari' haqqi'ndag'i' ha'm basqa ayi'ri'm hu'jjetlerdin' mag'li'wmatlari' joqari'da kori'p chiqilgen "Remont ustaxanasidan paydalani'w, jamg'arish qaydnoma"lari'nda (37- shakl) ha'mde ish ha'm shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w jurnalida twplanadi'.

Ish ha'm shi'g'i'nlardi' esapqa ali'w jurnallari' o'ndirislik bo'limlerida ju'rgiziledi. Ularda ha'r bir egin (eginler toparsi), bajarilatug'i'n ishlar ha'm esapti'n' basqa ob'ektleri ushi'n taxmin qi'li'ni'p ati'rg'an jazi'wlar mug'dari'na baylani'sli' belgili mug'dardagi sahifalar aji'rati'ladi'. U yamasa bu eginga taalluqli ish tu'rleri texnologik kartaga muwapi'q tarzda yoziladi. Esapti'n' ha'r bir ob'ekti boyi'nsha ori'nlang'an ishlardi'n' ko'lemi naturada ha'mde sha'rtli gektarga aylantirib, ishlang'an waqi't soatlarda ha'm esaplab o'tkizilgen to'lew (xi'zmetkerler boyi'nsha ayri'qsha-ayri'qsha), yonilg'i sarfi (norma boyi'nsha ha'm haqi'yqi'ysi), tuqi'm ha'm egiw materiallari'ni'n' sarfi ha'm basqa shi'g'i'nlar qayd etiladi.

Oy aqi'ri'nda jurnalda ha'r bir ish ha'm egin boyi'nsha shi'g'i'nlar juwmaqi esaplanadi'. Jazi'wlarg'a qulay bwlsin ushi'n jurnal aqi'ri'nda jamlovchi sahifa (ha'r bir egin boyi'nsha) ashi'li'p unga oy aqi'ri'nda ha'r bir ish turiga taalluqli juwmaqlar ko'shiriledi ha'mde eginler boyi'nsha bir oy ushi'n ha'm ji'l basidan uli'wmali'q juwmaqlar esaplab chietedi.

Diyqanshi’li’qta o’ndirislik esabati 18v- shakl diyqanshi’li’qtag’i’ tiyisli bo’linma boyi’nsha shi’g’i’nlar ha’m o’nimnin’ shi’g’i’wi’ haqqi’ndag’i’ hu’jjetlerdin’ uli’wmalashtiruvchisidir. U eki bo’lim: diyqanshi’li’q boyi’nsha shi’g’i’nlar (2010-schyot depeti) ha’m diyqanshi’li’q o’niminin’ shi’g’i’wi’ (2010-schyot krediti)dan tarkib topadi.

O’ndirislik esabatinin’ birinshi bo’limida esapti’n’ ha’r bir ob’ekti ushi’n ayri’qsha grafa aji’rati’ladi’. Qatarlarda ori’nlang’an ishlardi’n’ ko’lemi naturada ha’mde sha’rtli gektarlarg’a aylantirib, miynet sarflari’ kishi-soatlarda, tuqi’m ha’m to’ginler sarfi natural ifodada ha’m bir qatar basqa natural yamasa texnik-ekonomikali’q ko’rsetkishler ko’rsetiledi. SHundan swng ani’q shi’g’i’nlar statyalari’ni o’z-ara baylani’si’wshi’ schyotlar boyi’nsha yozishga mo’lsherlengen grafalar keltiriladi, soni’n’ ishinde:

6710- «Miynetke haqi’ to’lewga doir esap-kitaplar» schyoti’ tiykarg’i’ ish haqi’si’ summalari’na;

6520- «Ma’mleketliktin’ maqsetli jamg’armalari’na to’lewlar» schyot ha’m 8910- «Keleshektegi shi’g’i’nlar ha’m to’lewlar rezervi» schyot- maqsetli jamg’armalarg’a aji’ratpalar ha’mde ta’tillarg’a to’lew ushi’n esaplab aji’rati’lg’an summaga;

1010- “SHiyki zatlar ha’m materiallar”schyoti’ga sari’plag’an tuqi’mlar ha’m materiallar summasi’na;

1030- «Jani’lg’i’» schyoti’ sari’plag’an jani’lg’i’ ha’m yog’-moy materiallari’ summasi’na;

1080-“Inventar ha’m xojali’q jihozlari’” schyoti’da esapqa ali’w tiyisli ob’ektlerine o’tkizilgen summaga;

Juwmaqlovchi grafalar aqi’ri’nda usi’ o’ndirislik esabati boyi’nsha bir oyda qi’li’ng’an shi’g’i’nlar juwmaqi ha’m ji’l basidan o’sip bari’wshi’ juwmaqda ko’rsetiledi.

Esabatlar tekshirilib, ularg’a xojali’q buxgalteriyasida qosi’latug’i’n basqa shi’g’i’nlar summalari’ kiritilgach, ular analitikali’q ha’m sintetik esap registrlari’na yozish ushi’n tiykarga aylanadi’.

Diyqanshi’li’q boyi’nsha yig’ma o’ndirislik esabatida belgili egin turi ushi’n ji’l basidan ha’m esabat oyida qancha qarejet qi’li’ng’anligi ha’m qantay o’nim, neshe swmlik ha’m neshe centner o’ndirilgenligi boyi’nsha analitikali’q mag’li’wmat ali’w mu’mkin.

Diyqanshi’li’qka qi’li’ng’an shi’g’i’nlar ha’m ali’ng’an o’nimlerni analizlewda finansli’q esabattin’ “Buxgalteriya balansi” tiyisli statyasi’ndagi, ma’mleketlik statistika esabatidagi “Diyqanshi’li’q o’ndirislik shi’g’i’nlar ha’m o’nim o’zine tu’ser bahasi’” kesteidagi, biznes-reje ha’m me’yorlardagi summalar, buxgalteriya esabi’ schyotlari’ ha’m hu’jjetleridagi mag’li’wmatlar mag’li’wmat da’reki esaplanadi’.

Bu’gingi ku’nde fermer xojali’qlari’ ta’repinen etishtirilayotgan o’nimlerdin’ tu’rleri boyi’nsha qi’li’ni’p ati’rg’an ha’r bir qarejetni ani’q, toli’q ha’m o’z waqti’nda esapqa ali’w, hu’jjetlerda ha’m buxgalteriya esabi’da sa’wlelendiriw ha’mde tuwri’ esapqa olinayotganligini baqlaw qi’li’p bari’w talap etiladi.

Fermer xojali’qlari’nda shi’g’i’nlardi’ kemeytiw ha’m o’zine tu’ser bahasi’n pa’seytiriwnin’ tiykarg’i’ ywllari’ to’mendegilardi’r:

- basqari’w usi’llari’n takomillasti’ri’w;
- o’ndirislik ha’m miynetni ilmiy tiykarlang’an halda sho’lkemlestiriw;
- tiykarg’i’ qurallardan na’tiyjeli paydalani’w;
- materialli’q resurslardan (to’gin, YOMM ha’m h.) tejab tjergeb paydalani’w;
- agrotexnik tadbirlardi’n’ uli’wmali’q sani’n kemeytiw, o’z waqti’nda ha’m sapali o’tkiziw;
- o’ndirislikni basqari’w ha’m unga xi’zmet ko’rsetiw shi’g’i’nlari’ni kemeytiw;
- shi’g’i’nlardi’n’ haqi’yqati’nda sarflani’wi u’stinen baqlaw ornati’w ha’m analiz qi’li’p bari’w.

Bundan ti’sqari’ fermer xojali’qlari’nda ji’l basida biznes-reje tuzilishi, unda qilinatug’i’n ha’r bir qarejet mug’dari’ ha’m summasi’ ko’rsetilishi, shu rejedan katta og’ishishlarg’a ywl qoyi’lmasligi lazi’m.

Diyqanshi’li’qka qi’li’ng’an shi’g’i’nlar ha’m ali’ng’an o’nimlerni analiz qi’li’p bari’w shi’g’i’nlardi’n’ tuwri’ shakllantirilgenligini wrganib, qaerda xato ha’m kamshiliklarg’a ywl qoyi’lg’anligi ha’mde ulardi’ bartaraf etish boyi’nsha juwmaqlawlar qa’liplestiriw ha’m tavsiyalar ishlab shi’g’i’w imka’niyati’n beredi.

## 2.3. Diyqanshi’li’q o’nimleri o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw ma’seleleri

Diyqanshi’li’qta shi’g’i’nlardi’n’ ag’i’mdag’i’ esabi’ ji’l aqi’ri’nda o’nimnin’ haqi’yqi’y o’zine tu’ser bahasi’n ani’qlaw menen juwmaqlanadi’. Haqi’yqi’y o’zine tu’ser baha ag’i’mdag’i’ buxgalteriya esabi’ni’n’ tek tekserilgen mag’li’wmatlari’ tiykari’nda (ji’l basida rejeli mag’li’wmatlar tiykari’nda rejeli o’zine tu’ser baha esaplanadi’).

Diyqanshi’li’q o’nimi tiykarg’i’, baylani’sqan ha’m ja’rdemshi o’nimlerge aji’rati’ladi’.

Ja’rdemshi o’nimga biologik o’zgeshelikler ha’m o’ndirislik sharayatlari’na baylani’sli’ tiykarg’i’ o’nim menen bir waqi’tda ali’natug’i’n, biraw ekinshi da’rejeli a’hmiyetke iye bolg’an (ma’selen, g’alla eginlerinin’ sabani, chorisi, ko’p ji’lli’q ha’m bir ji’lli’q ot-sho’plerdi tuqi’mi ushi’n yanshishda ali’ng’an poxol ha’m sog’an usag’anlar) o’nimler kiredi.

Ayni bir o’ndirislik processinin’ na’tiyjesinde ali’natug’i’n eki ha’m undan arti’q tiykarg’i’ o’nimler baylani’sqan (ma’selen, g’allashilikda biyday qipig’i(chori) ha’m sog’an usag’anlar) o’nimler delinedi.

Diyqanshi’li’qta o’zine tu’ser bahasi’n esaplawdi’n’ ob’ektleri tiykarg’i’ (baylani’sqan) o’nim, sonday-aq xojali’qta paydalani’latug’i’n ja’rdemshi o’nimdir.

SHi’g’i’nlar tiykarg’i’, baylani’sqan ha’m ja’rdemshi o’nimler ortasi’nda ha’r tu’rlicha bo’listiriliwii mu’mkin. A’melde shi’g’i’nlardi’ bo’listiriwnin’ bir neshe tu’rleridan paydalani’ladi’:

a) uli’wmali’q shi’g’i’nlar summasi’dan ja’rdemshi o’nim quni’ (belgilengen quni’ qatan’ bahalarda)ni shegirip taslaw;

b) ha’zir koefficientlardi’ qollaw usi’li’nin’ orni’na ko’binese realizaciya bahalari’nan paydalani’ladi’. Solay etip, o’nimnin’ barli’q tu’rleri realizaciya bahasida esaplani’p, o’nimni ha’r bir turinin’ salmag’i’ ani’qlanadi’, son’i’nan usi’ tiykarda shi’g’i’nlardi’n’ uli’wmali’q summasi’ o’nimlerdin’ ha’r bir tu’rine bo’listiriledi.

v) qarejettin’ uli’wmali’q summasi’n baylani’sqan o’nim tu’rleri quni’na realizaciya narxlari’ bahasi’nda ten’ salmaqli’ bo’listiriw;

g) tikkeley shi’g’i’nlardi’ o’nimnin’ ani’q tu’rlerine tuwri’dan-tuwri’ o’tkiziw ha’mde o’zine tu’ser bahasi’n esaplawdi’n’ ayi’ri’m: ob’ektlerine tuwri’dan-tuwri’ o’tkiziw mu’mkin bolmag’an uli’wmali’q shi’g’i’nlardi’ belgilengen baza (zu’ra’a’t maydani’ realizaciya summasi’ ha’m sog’an usag’anlar) boyi’nsha bo’listiriw menen.

Diyqanshi’li’q xojali’qlari’nda shi’g’i’nlardi’ esapqa ali’w ha’m o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’ esaplaw ha’r bir egin yamasa sog’an yaqin eginler topari’ boyi’nsha ayri’qsha, bazi’ bir xojali’qlarda - tiykarg’i’ eginler yamasa uli’wmaan tarmaq boyi’nsha a’melge asi’ri’ladi’. Ha’r bir ob’ekt boyi’nsha standart, standart emes o’nim ha’m paydali (paydalani’latug’i’n) chiqindilar o’zine tu’ser bahasi’ esaplanadi’.

Ashi’q jerdegi diyqanshi’li’qta o’nim o’zine tu’ser bahasi’ qosi’msha o’nim (poya, barg) quni’ shegirip tashlang’an shi’g’i’nlardi’ tiykarg’i’ o’nim massasiga bo’liw, shi’g’i’nlardi’ standart ha’m standart emes o’nimler quni’na realizaciya narxlari’nda ten’ salmaqli’ taqsimlab ani’qlanadi’. Bunda qosi’msha o’nim (sonday-aq, tovarga ot-jem si’pati’nda paydalani’latug’i’n standart emes - o’nim) ot-jem ildizmiywelilardi’n’ ortasha o’zine tu’ser bahasi’da bahalanadn.

Diyqanshi’li’qta bir neshe eginlerg’a tiyisli uli’wmali’q shi’g’i’nlar (to’gin sali’w, jerge gerbicidlar menen islew beriw kabilar) boli’wi’ mu’mkin. Ular ayri’qsha eginler ortasi’nda iyellagan to’ginlang’an yamasa islew berilgen maydanlari’na ten’ salmaqli’ taksimlanadi’.

O’simlikshilik tarmag’i’ni’n’ azi’q-ovqat o’nimleri arasi’nda kartoshka, ovosh ha’m pali’z o’nimleri ayri’qsha axamiyatga iye. Usi’ o’nimlerdin’ belgili bo’legi jan’aligicha tuti’ni’w qilinadi. Ovoshlardi’n’ katta bo’legi konserha’mlash, qurg’ati’w, tuzlash ha’m basqa ywllar menen qayta ishlanadi’.

Kartoshkani’n’ o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw ushi’n ja’mi qi’li’ng’an shi’g’i’nlardan kartoshka palaginin’ normativ quni’ shegirip tashlani’p, qalg’an summa ali’ng’an standart ha’m standart emes o’nimler ortasi’nda. olardi’n’ sati’w

bahasi boyi’nsha ani’qlang’an quni’na ten’ salmaqli’ bo’listiriw joli’ menen ani’qlanadi’.

Ashi’q jerdegi ovoshlardi’ jetistiriw ma’wsimlik o’zgeshelikga iye. Soni’n’ ushi’nda bazardi’ jan’a ovoshlar menen ji’l dawami’nda uzluksiz ta’miyinlew maqsetinde xususiy mu’likshilikke tiykarlang’an jabi’q jerdegi ovoshshi’li’q rawajlanbaqta. Atap o’tiw kerek, ashi’q jerdegi ha’m jabi’q jerdegi ovoshshi’li’q sho’lkemlestiriwshilik-texnologiyali’q jaqtan bir-birlerinen sezilerli da’rejede parq qi’li’p, bul o’z na’wbetinde olardi’n’ o’zine tu’ser bahasi’n esaplawda ha’r tu’rli usi’llardi’ qollawdi’ bildiredi.

Magistrlik dissertaciya jumi’si’ ob’ekti bolg’an «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda esabat ji’li’nda 3 ga jerge kartoshka egilgen boli’p, 360 centner jalpi’ zu’ra’a’t ali’ng’an.

Kartoshka jetistiriw ushi’n sari’plag’an shi’g’i’nlar mug’dari’n ha’m 1 centner kartoshka o’zine tu’ser bahasi’n u’yrengenimizde to’mendegi na’tiyjelerge iye boldi’q.

**2.1-keste**

**«AkmalKAR» fermer xojaliginda kartoshka o’zine tu’ser bahasi’n esaplaw analizi**

| O’nim nomi | Miq-dori, c. | 1c. bazar bahasi (swm) | Sati’w bahasi boyi’nsha kiymati (mi’n’ swm) | Ja’mi quni’dagi u’lesi, % | Qarejet summasi’ (mi’n’ swm) | 1 centnernin’ o’zine tu’ser bahasi’ (swm) |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Standart kartoshka | 288 | 68000,0 | 19584 | 90,0 | 16876 | 58600 |
| Standart emes kartoshka | 72 | 30500,0 | 2196 | 10,0 | 1893 | 26291 |
| Ja’mi | - | - | 21780 | 100,0 | 18769 | - |

Joqari’da keltirilgen 2.1-keste mag’li’wmatlari’nan ko’rinedi, fermer xojali’g’i’nda jetistirilgen kartoshkani’n’ o’zine tu’ser bahasi’n ani’qlaw na’tiyjelerine baylani’sli’, fermer xojali’g’i’ 288 centner standart kartoshka jetistirgen boli’p, standart emes kartoshka bolsa 72 centnerdi qurag’an. 1 centner standart kartoshkani’n’ bazar bahasi’ 68000 sumdi’ qurag’an, standart emes kartoshkani’n’ bazar bahasi’ bolsa 30500 sumdi’ qurag’an. Sati’w bahasi’

boyi'nsha standart kartoshkani'n' quni' 19584 mi'n' sumdi', standart emes kartoshkani'n' quni' bolsa 2196 mi'n' sumdi' qurag'an boli'p, standart kartoshkani'n' ja'mi qu'ndegi u'lesi 90% ti, standart emes kartoshkani'n' ja'mi qu'ndegi u'lesi bolsa 10% ti qurag'an. Na'tiyjede standart kartoshkag'a sari'plang'an qarejet summasi' 16876 mi'n' sumdi', standart emes kartoshkaniki bolsa 1893 mi'n' sumdi' qurag'an boli'p, 1 centner standart kartoshkani'n' o'zine tu'ser bahasi' 58600 swmg'a, standart emes kartoshkaniki bolsa 26291 swmg'a tu'sken. Ja'mi standart ha'm standart emes kartoshkani'n' sati'w bahasi' boyi'nsha quni' 21780 mi'n' sumdi', qarejet qi'li'ng'an summa bolsa 18769 mi'n' sumdi' qurag'an.

Juwmaqlaw qi'li'p aytg'anda, «AkmalKAR» fermer xojali'g'i' bir birlik centner kartoshkani'n' o'zine tu'ser bahasi'n pa'seyttiriwi, standart emes kartoshkani'n' mug'dari'n kemeytiw ilajlari'n ko'riw kerek.

# III-BAP. AWI'L XOJALI'G'I' O'NDIRISINDE O'NIMNIN' O'ZINE TU'SER BAHASI'N ARZANLATI'W JOLLARI'

## 3.1. Awi'l xojali'g'i' sub'ektleri jumi'slari'n ju'rgiziw mexanizmin jedellestiriw faktorlari'

Qaraqalpaqstan Respublikasi' xalqi'ni'n' azi'q – awqat o'nimlerine, sanaati'n shiyki zatlarg'a bolg'an talaplari'n qanaatlandi'ri'wg'a ko'pshilik hallarda jer – suw resurslari'nan o'nimli paydalani'w ha'm awi'l xojali'g'i' tarawlari'n na'tiyjeli ali'p bari'w tiykari'nda erisiwimiz mu'mkin.

Bazar ekonomikasi' sharayati'nda tek g'ana jer – suw resurslari'nan o'nimli paydalani'w emes, al, o'ndirislik processin sho'lkemlestiriw ushi'n za'ru'r bolg'an basqa o'ndirislik faktorlari'nan ha'm na'tiyjeli paydalani'wdi' an'latadi'. Bazar mexanizmlerin awi'l xojali'g'i' o'ndirisinde a'melge asi'ri'li'wi' guman joq juwmaqlawshi' ekonomikali'q unamli' na'tiyjeni beriwi kerek. Bul ahwalda o'nim o'ndiriwdin' o'siwi qosi'msha o'ndirislik shi'g'i'nlari'na sali'sti'rg'anda arti'qmash da'rejede boladi'. Bazar ekonomikali'q qatnasi'qlari' sharayati'nda awi'l xojali'g'i' o'ndirislik resurslari'nan na'tiyjeli paydalani'w, ha'r bir gektar suwg'ari'latug'i'n jerlerden, qara mal bas sani' esabi'na kem karji'lar sari'plaw ha'm joqari' zu'ra'a't ali'w, o'nim o'ndiriw, paydani' ko'beytiw, o'ndiristin' na'tiyjeligin artti'ri'w ushi'n tiykarg'i' za'ru'r bolg'an sha'rt – sharayatlar esaplanadi'.

Usi' maqsetti a'melge asi'ri'w ushi' to'mendegi wazi'ypalardi' sheshiw a'hmiyetli boli'p esaplanadi':

- bazar ekonomikasi' sharayati'ndan kelip shi'qqan halda o'ndirislik ha'm materialli'q resurslardan paydalani'w na'tiyjeligin artti'ri'w ha'm xojali'qti' ju'rgiziw mexanizmleri sha'rtlerin ko'rsetip beriw;
- agrar sektordi' qayta quri'wda mu'likshiliktin' ekonomikali'q qatnasi'qlari'n analizlew ha'm mu'likshilik paylari'n ani'qlaw metodologiyasi'n u'yreniw;
- bazar ekonomikasi' sharayati'nda ekonomikani' ma'mleket ta'repinen basqari'wdi'n' tiykarg'i' bag'darlari'n ani'qlaw;

- jer – suw resurslari’nan paydalani’wdi’n’ ha’zirgi awhali’n, awi’l xojali’g’i’ tarmaqlari’n analizlew ha’m perspektivada zu’ra’a’tliliktin’ o’sip bari’wi’ boyi’nsha usi’ni’slar islep shi’g’i’w;

- awi’l xojali’g’i’nda materialli’q – texnikali’q xorlari’ni’n’ qa’liplesiwi ha’m si’pati’ jag’i’nan o’zgeriwi o’zgesheliklerin ko’rsetip beriw;

- tiykarg’i’ ha’m aylani’s fondlar ortasi’ndag’i’ alternativali’q sali’sti’rmali’q, o’ndirislik procentlerinin’ na’tiyjeligin artti’ri’w rezervleri ha’m oni’n’ o’ndiris na’tiyligine ta’sirin ani’qlaw;

- o’ndiris processinde miynet resurslari’ni’n’ qa’liplesiwine, na’tiyjeli paydalani’wg’a baha beriw ha’m jumi’sshi’ ku’shlerinen na’tiyjeli paydalani’w ja’nede miynet o’nimdarli’g’i’n artti’ri’w rezervlerin ani’qlaw;

- bazar ekonomikasi’ sharayati’nda arti’qmashli’qqa iye o’ndiris ku’shlerin ani’qlaw ha’m olardi’ jumi’s penen ta’miyinlew boyi’nsha usi’ni’slar islep shi’g’i’w;

- iri tovar o’ndirisinin’ mayda fermer ha’m diyxan tovar xojali’qlari’ menen o’z-ara baylani’sli’g’i’n, o’ndiris rezervlerinen na’tiyjeli paydalani’w ha’m o’ndiristin’ na’tiyjeliligine olardi’n’ ta’sirin tiykarlap beriw;

- o’ndiris ha’m o’ndiris resurslari’n na’tiyjeliligine o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’ ha’m o’nim sapasi’ni’n’ ta’sirin ani’qlaw;

- awi’l xojali’g’i’ ka’rxanalari’ menen sanaat ka’rxanalari’ ortasi’ndag’i’ ekonomikali’q qatnasi’qlardi’ jetilistiriliw ushi’n usi’ni’slar islep shi’g’i’w;

- kredit qatnasi’qlari’n jetilistiriw kredit ha’m lizing xi’zmetlerin qaytari’wdi’ jedellestiriw ushi’n usi’ni’slar islep shi’g’i’w;

- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ekologiyali’q jag’dayi’n itibarg’a alg’an halda uli’wmalasqan jer sali’g’i’n ali’wdi’ jetilistiriwdi tiykarlap beriw;

Bazar, bul – tovar - aqsha qatnasi’qlari’nda en’ tiykarg’i’ elementlerden biri boli’p esaplanadi’. Tovar o’ndiris ha’m tovar-pul mu’na’sibetlerinin’ ob’ektiv halda bar boli’wi’ o’z na’wbetinde bazardi’n’ bar boli’wi’ sha’rt ekenligin an’latadi’. Bazar – adamlar ortasi’ndag’i’ usaqlap sati’w tarawi’na tiyisli socialli’q-ekonomikali’q qatnasi’qlardi’n’ ji’yi’ndi’si’ boli’p, a’yne bazar arqali’

tovarlardi’ (o’nimlerdi) sati’w a’melge asi’ri’ladi’ ha’m olardi’ o’ndirisge sarplang’an miynettin’ socialli’q-paydali’ harakteri u’zil-kesil atap o’tiledi. Bazar ekonomikasi’na o’tiwdin’ a’hmiyeti, en’ aldi’ menen, xali’q xojali’g’i’n ekonomikasi’ to’men da’rejede rawajlani’p ati’rg’anli’g’i’ sebepli kelip shi’qqan. Payda bolg’an jag’daydan quti’li’wdi’n’ joli’ – ma’mleket ekonomikani’ rawajlandi’ri’wdi’n’ erkinlestirilgen bazar qatnasi’qlari’na o’tkiziw esaplanadi’. Ja’miyet pa’ra’wanli’g’i’n bazar ekonomikasi’ menen ti’g’i’z halda baylani’sli’ boli’p tabi’ladi’, sonday-aq bazardag’i’ orayli’q figura tuti’ni’wshi’ boli’p, ol tovarlarg’a bolg’an talapti’ da o’z mu’ta’jliklerin qanaatlandi’ri’w joli’n belgilep beredi. Bunday sharayatlarda bolsa, o’ndiris o’sip ati’rg’an mu’ta’jlikti turaqli’ tu’rde qanaatlandi’ri’w maqsetin go’zlep miynet etedi.

Bazar ekonomikasi’ – ja’miyettegi real jag’daydi’n’ natuwri’li’g’i’ boli’p, onda joqari’ na’tiyjeler ha’m a’wmetsizlikler, jog’alti’wlar ha’m jen’isleri o’z ko’rnisin tabadi’. Bazardi’n’ ashshi’ haqi’yqati’ pu’tkil ja’miyetge tiyisli boli’wi’ kerek.

Bazardi’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’ ha’m o’zine sa’ykes qa’siyetlerin uli’wmali’q ta’rizde to’mendegishe ta’riplewimiz mu’mkin:

– bazar o’ndiristin’, yag’ni’y o’nimler ko’lemi ha’m qurami’n ta’rtipke sali’wshi’ – regulyator si’pati’nda xi’zmet etedi;

– bazar tovarg’a, usaqlap sati’w tarawi’na sari’plang’an miynettin’ socialli’q-paydali’ harakterin an’lati’wi’n ta’miyinleydi. Tek g’ana bazarda o’ndiristin’ qanday sha’rt-sharayatlari’ socialli’q za’ru’r ekenligi, tovar mug’dari’ ani’qlanadi’;

– bazar o’nim sapasi’ni’n’ jaqsi’lani’wi’na, ba’sekiles boli’wi’na, qari’ydarlardi’n’ mu’ta’jliklerin qandi’ri’wg’a umti’ladi’;

– bazar o’nim summasi’ni’n’ turaqli’li’g’i’na ko’meklesedi. O’nimlerge bolg’an mu’ta’jlik ha’m olardi’ usi’ni’s etiw ortasi’ndag’i’ qatnasi’qti’n’ belgili da’rejede ten’ salmaqli’li’g’i’n ornati’ladi’, bunday jag’daylarda baha ma’selesinde ten’likke erisiledi;

– bazar o’ndirislik shi’g’i’nlari’n, o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n kemeytiriwge ko’meklesedi. O’nimnin’ payda menen sati’li’wi’ ushi’n bazar tovar o’ndiriwshilerdi o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n, ila’ji’ bari’nsha bahasi’n pa’seytiriwge ha’reket etedi;

– bazar jan’a tu’rdegi rawajlani’w processlerin jedellestiriwge ko’meklesedi, ilimnin’ jetiskenliklerinen ha’m joqari’ texnologiyalardan paydalang’anda g’ana o’nim o’nidirisin ko’beytiw, oni’n’ sapasi’n jaqsi’law ha’m o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n kemeytiw mu’mkin;

– bazar socialli’q mashqalalardi’ sheshiwge ja’rdemlesedi, sonday-aq, ha’r bir insan o’z uqi’bi’n, qa’biletin ha’m qa’lewin a’melge asi’ri’wi’ ushi’n imka’niyat jarati’p beredi. A’yne usi’ waqi’tta bazardi’n’ unamsi’z qag’i’ydasi’ bar: «turmi’si’n’ jamanlasqan bolsa, tek g’ana o’zin’e o’kpele»;

– bazar tovar o’ndirisleri miynettin’ xali’q - arali’q bo’listiriliwi sistemasi’na qosi’li’wlari’, du’nya ju’zi xojali’g’i’ni’n’ ekonomikali’q sistemasi’ menen ta’biyiy halda uyg’i’nlasi’wlari’ ushi’n imkaniyat jarati’p beredi. Aqi’rg’i’ na’tiyjede bazar normal halda miynet etip ati’rg’an ha’r bir tovar o’ndiriwshinin’ payda ali’wi’n ta’miyinleydi;

– bazardi’n’ u’yretip o’tilgen wazi’ypalari’ ha’m o’zine ta’n qa’siyetleri A.Smitge o’z waqti’nda “pinhani’y qol”, yag’ni’y bazardi’n’ socialli’q qayta o’ndirisi ba’rshe processlerge bir qarag’anda ko’z ilmeytug’i’n da’rejedegi ta’siri haqqi’nda pikir bildiriw mu’mkinshiligin bergen.

Bazar ekonomikasi’ni’n’ rawajlang’anli’g’i’ – shaxs ha’r ta’repleme o’zin ko’rsetiwi, insanni’n’ isbilermenlik qa’bileti ushi’n imkaniyatlar jarati’w, mu’likshiliktin’ ba’rshe formalari’n huquqi’y qorg’awi’ ushi’n sha’rt-sharayatlar jarati’wda payda boladi’.

**Bazar ekonomikasi’ –** o’zinin’ ob’ektiv ni’zamli’li’qlari’ ha’m o’z betinshe ori’nlawshi’si’na iye bolg’an tovar o’ndirisi dep atalatug’i’n u’lken tarmaqti’n’ belsendi elementi boli’p tabi’ladi’. A’yne bazar mu’likshilik formalari’n tan’law ha’m olarg’a islew beriw, investiciya strukturasi’n jo’neltiw, tarmaqlar arali’q baylani’slardi’ rawajlandi’ri’w arqali’ tovar-pul qatnasi’qlari’n rawajlandi’ri’w

katalizatori’ si’pati’nda payda boladi’. Bazardi’n’ joqari’dag’i’larg’a usag’anlari’ni’n’ ba’rshesi, tovar-pul qatnasi’qlari’ qa’liplesiwinin’ pu’tkil processii tuti’ni’wshi’da, oni’n’ mu’ta’jliklerin rawajlandi’ri’w ha’m qanaatlandi’ri’wda o’z ko’rnisin tabadi’.

“Bazar ekonomikasi’” tu’sinigi u’sh elementti o’z ishine aladi’, bular: ta’rtipke sali’nbaytug’i’n usi’ni’s (o’ndirislik erkinlik), ta’rtipke sali’nbaytug’i’n mu’ta’jlik (sati’p ali’w erkinligi) ja’nede mu’ta’jlik ha’m usi’ni’sti’ ten’lestirip turi’wshi’ ta’rtipke sali’nbaytug’i’n baha. Boljawlar soni’ ko’rsetedi, elementlerdin’ birewi bolmasa ha’m toli’q hali’nda bazar bolmaydi’ ha’m boli’wi’da mu’mkin emes.

Rawajlang’an bazar qatnasi’g’i’ sha’rt-sharayatlari’nda ka’rxana ha’m ma’mleket ortasi’ndag’i’, sonday-aq ka’rxanalar ortasi’ndag’i’ o’z-ara qatnasi’qlar ha’m baylani’slar tu’pkilikli halda o’zgeredi. Ka’rxanalar ma’mleketlik organlari’na adminstrativlik ta’rtipde boysi’ndi’ri’wg’a tiykarlang’an ha’m olardi’n’ g’a’ressizligin sheklep qoyatug’i’n vertikal qatnasi’qlar ha’m baylani’slar, a’detke aylang’an joqari’dan to’menge qaray bag’darlani’lg’an baylani’s ha’m mag’li’wmatlar sistemasi’ni’n’ orni’n ka’rxanalar ortasi’ndag’i’ gorizontal qatnasi’qlar ha’m baylani’slar yag’ni’y bazar ekonomikasi’ qag’i’ydalari’ sebepli a’melge asi’ri’latug’i’n ten’ huqi’qli’ sherikshilik qatnasi’qlari’ iyeleydi (6-su’wret).

Xojali’qti’ ju’rgiziw bazar mexanizmin adminstrativlik-rejeli mexanizmnen u’stemlikleri haqqi’nda amerikali’q iri ekonomist D.Gelbert ju’da’ ori’nli’ pikir bildirgen. Oni’n’ ayti’wi’nsha, bazardi’n’ o’zine sa’ykes qa’siyetleri sonday, ol belgili baha ja’rdeminde usi’ni’s ha’m mu’ta’jlilikti ten’lestiredi. Mu’ta’jlikke qarag’anda arti’qsha usi’ni’s payda boli’wi’ menen-aq, bahani’ tu’siriw arqali’ qari’ydarlar ushi’n xoshametlew faktori’ jarati’ldi’, usi’ni’s sheklenip, sol arqali’ arti’qsha tovarlarg’a jol qoyi’lmaydi’; solay etip, qi’sqa waqi’t dawami’nda tovarlar qi’tshi’li’g’i’ sezilip qalsa, bahani’n’ asi’ri’li’wi’ aqi’betinde tovar jetkizip beriwshi xoshametlew faktori’na iye boladi’, qari’ydarlardi’n’ belsendiligi pa’seyip, sol arqali’ tovarlardi’n’ jetispewshiligi saplasti’ri’ladi’.

6-su’wret. Awi’l xojali’g’i’ ka’rxanasi’ni’n’ jumi’s alp bari’wda a’mel qi’lg’an bazar mexanizmleri sharayatlari’ndag’i’ xi’zmeti

| Xi’zmet tu’rleri | A’mel qi’lg’an mexanizm | Bazar mexanizmi |
|---|---|---|
| 1. O’nimler o’n’dirisi | Ma’mleket rejesi | O’ndirislik xi’zmetti erkin tan’law, paxta ha’m da’nge berilgen ma’mleket-lik buyi’rtpasi’nan ti’sqari’. |
| 2. Kapital qarji’lardi’ finanslasti’ri’w derekleri | Ma’leket byudjetinen finanslasti’ri’w, o’z derekleri | O’z qarji’lari’ (payda ha’m basqalar), bankler kredit-leri, investiciyalar |
| 3. O’ndiris qurallari’n sati’p ali’w | Limitler ha’m fondlar boyi’nsha bo’listiriw | O’ndirislik qurallardi’ bazarda tuwri’dan-tuwri’ sha’rtnamalar boyi’nsha erkin tan’law |
| 4. Miynetge haqi’ to’lew | Ma’mleketlik bahalar, tarifleri, miynet haqi’lari’ | Miynettin’ aqi’rg’i’ na’tiyjeleri menen baylani’sli’ tabi’slar |
| 5. O’nimdi sati’w | Ma’mleket ta’repinen tuti’-ni’wshi’larg’a biriktirip qoyi’w | Bazarda tuti’ni’wshi’ni’ erkin tan’law |
| 6. O’nim narhlari’ | Ma’mleket ta’repinen bahani’ belgilew | Bazar, sha’rtnamali’q bahalar |
| 7. Payda | O’nim bahasi’n diffe-renciyalaw arqali’ ka’rxana-lar ortasi’nda bo’listiriw | Ka’rxana iyeliginde qala-di’ (birden-bir jer sali’g’i’ ha’m ma’jbu’riy to’lemler a’melge asi’ri’lg’annan son’) |
| 8.Ekonomikali’q xoshamet-lew fondlari’n qa’liplesti-riw | Ma’mleketlik normativler | Ustavqa muwapi’q paydadan erkin halda qa’liplestiriw |

Bazar ekonomikasi’n basqari’wdi’n’ adminstrativlik - rejeli usi’llari’nan u’stemligi negizinde en’ demokratiyali’q ekonomikali’q sistemasi’ si’pati’nda ha’r ta’repleme ko’zge taslani’wi’nda da payda boladi’. Bular to’mendegilerden ibarat:

– tovar o’ndirisinde ha’r bir sub’ekt erkin ha’m ten’ imkaniyatqa iye boladi’, yag’ni’y ten’ huqi’qli’ ekonomikali’q sherikke aylanadi’;

– tovar-pul bazar qatnasi’qlari’ ja’rdeminde o’ndiris ha’m oni’ realizaciyalaw ushi’n socialli’q za’ru’r qarejetler talap ha’m usi’ni’s ni’zami’ tiykari’nda qa’liplesedi;

– bazar turaqli’ tu’rde o’zgerip baratug’i’n mu’ta’jliklerdin’ ha’mmesin ani’qlaw imkani’n beredi;

– bazar iri mu’lik iyelerinin’ quwdalawlari’nan erkin ekenligin esapqa alatug’i’n bolsaq, ol tuti’ni’wshi’dan o’ndirislik ta’repten baratug’i’n qarsi’ baylani’sti’, socialli’q o’ndiristin’ a’mel qi’li’wi’ arqali’ na’tiyjeleri

belgilenetug'i'n baylani'sti' jolg'a qoyi'wdi'n' en' demokratiyali'q ekonomikali'q formasi' boli'p tabi'ladi';

– bazar tovar o'ndirisi menen ka'rxanalar ortasi'ndag'i' ekonomikali'q qatnasi'qlardi' demokratlasti'ri'wdi'n' girewi esaplanadi'.

Ma'mleketimiz ko'p ji'llardan beri ha'reket etip ati'rg'an haqi'yqattan da real xojali'q esap-kitabi'na, ani'g'i'raq aytqanda, kommerciyali'q esap-kitapqa, sol sebepli', awi'l xojali'g'i' ekonomikasi'ndag'i' esap-kitabi'na tek g'ana bazarda realizaciyalnatug'i'n ken' tovar-pul qatnasi'qlari' bar bolg'anda g'ana toli'q erisiw mu'mkin boladi'.

Soni'n' menen birge dunya ju'zi ta'jriybesinin' ko'rsetiwinshe, ma'mleket ta'repinen a'melge asi'ri'latug'i'n rejeli ta'rtipke sali'w mexanizmi bolmasa, bazar ekonomikasi' na'tiyjeli a'mel qi'la almaydi'. Rejege tiykarlani'p ba'rshe na'rselerden waz keship, xi'zmet ju'rgiziwge jol qoyi'p bolmaydi', sebebi bunday halda is tuti'w awi'l xojali'g'i' ekonomikani' rawajlandi'ri'wdi'n' teoriyasi' ha'm a'meliyati'n aldi'n'g'i' o'zegine sali'p qoyadi'. Aradag'i' pari'q tek sonday boli'wi' mu'mkin, u'zliksiz tovar-pul, bazar qatnasi'qlari'na zi'yan keltirgen halda rejeli tiykarlardi'n' rolin ha'm a'hmiyetin asi'ri'p jiberilgen bolsa, endi kersinshe, bazar qatnasi'qlari'n rejeli ta'rtipke sali'wdi'n' a'hmiyeti tiykarsi'z ra'wishte to'menletip jiberiledi.

Bazar ekonomikasi' sharayati'nda awi'l xojali'g'i' tarawi'ndag'i' tovar o'ndirisinin' ken' g'a'rezsizligi ha'm bazar qatnasi'qlari'ni'n' rawajlani'wi' sharayatlari'nda ma'mleket ta'repinen rejelestiriw indikativ tu'rge iye boli'wi', yag'ni'y bazar sali'qlar, jen'illikler, kreditlar, ni'rq-baha ha'm basqa sog'an usag'an ekonomikali'q faktorlar ja'rdeminde ta'rtipke sali'p bari'li'wi' ekonomikali'q ha'm socialli'k a'hmiyetke iye. Ekonomist ali'mlar P.Samuelson ha'm V.Nordxaus pikirinshe, sali'qlar ma'mlekettin' ekonomikali'q aktivlikke ta'sir ko'rsetiwshi tiykarg'i' qurali' boli'p, olar arqali' jeke tuti'ni'w yamasa investiciyalar qi'sqarti'ri'li'p, socialli'q maqsetler ushi'n resurslar jarati'p beriledi. Bular qatari'na ayi'ri'm ekonomikali'q xi'zmetin qoshametlewshi sali'qlar yamasa qi'yi'nlasti'ratug'i'n sali'qlarda kiredi. Amerika ta'jriybesine tiykarlang'an

avtorlardi’n’ ayti’wi’nsha, sali’q stavkalari’ 50%den arti’q bolsa, adamlar az islep, az jamg’ari’wi’na umti’ladi’ yamasa o’z xi’zmetlerin “jasi’ri’n” ekonomikag’a jo’neltiriledi.

Joqari’da bayan etilgenlerge juwmaq jasap, sonday juwmaqqa keliwimiz mu’mkin, awi’l xojali’g’i’ ekonomikani’ bazar qag’i’ydalari’ menen ta’rtipke sali’p bari’w tiykari’nan, bul ekonomikag’a ma’mlekettin’ ta’siri bolsa ja’rdemshi faktor boli’p esaplanadi’. Bulardi’n’ ja’rdeminde faktordi’n’ tiykari’ indikativ rejelestiriw ha’m sali’q sali’wdi’n’ aqi’lg’a muwapi’q sistemasi’nan ibarat boli’p, joqari’dag’i’day etip ta’rtipke sali’p bari’wdi’ belgili shegaralarda tek g’ana tolti’radi’ ha’m du’zetiwler kirgizedi.

## 3.2. «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'ni'n' sho'lkemlestiriwshilik-ekonomikali'q xarakteristikasi'

«AkmalKAR» fermer xojali'g'i' o'zine tan'law tiykari'nda uzaq mu'ddetli ijarag'a berilgen jer uchastkasi'nan paydalang'an halda awi'l xojali'g'i' tovar o'ndirislik menen shug'i'llani'wshi', yuridikali'q shaxs huqi'qlari'na iye bolg'an biyg'a'rez xojali'q ju'rgiziwshi sub'ekt esaplanadi'.

Fermer xojali'g'i' No'kis rayoni' ha'kimliginde ma'mleketlik diziminen o'tkizilgen payi'ttan baslap yuridikali'q shaxs statusi'n aladi' ha'm o'z ati'nan sha'rtnamalar du'ziw, mu'liklik ha'm mu'lik ko'rinisinde bolmag'an huqi'q ha'm minnetlemelerge iye boli'w, sonday-aq bank mekemesinde esap raqami' ha'm basqa esap raqamlari'n ashi'w, mo'r, shtamp ha'mde basqa rekvizitlerge iye boli'w xuqi'qi'na iye.

**3.1-keste**

**«AkmalKAR» fermer xojali'g'i'ni'n' buxgalteriya balansi' aktiv statyalari'ni'n' analizi**

| Qarji'lardi'n' qurami' | 2011 ji'l | | 2012 ji'l | | O'zgeriwi (+;-) | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Summa, mi'n' swm | Salma g'i', % | Summa, mi'n' swm | Salma g'i', % | Summa, mi'n' swm | Salma g'i', % | 2012 ji'l 2011 ji'lg'a sali'sti'r-g'anda o'siwi |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6=4-2 | 7=5-3 | 8=6/2*100 |
| 1.Uzaq mu'ddetli aktivler | - | - | 1238 | 2.2 | 1238 | +2,2 | - |
| 2.Ag'i'mdag'i' aktivler | 19680 | 100 | 51264 | 97,8 | 31584 | -2,2 | 160,5 |
| Soni'n' ishinde: | | | | | | | |
| a) tovar-materialli'q zapaslar | 18040 | 91,6 | 49244 | 93,8 | 31204 | +2,2 | 173,0 |
| b) pul qarji'lari' ha'm qi'sqa mu'ddetli qoyi'lmalar | 338 | 1,7 | 1862 | 3,6 | 1524 | +1,9 | 451,0 |
| v) debitorlar | 1302 | 6,6 | 158 | 0,3 | -1144 | -6,3 | -88,0 |
| Balans aktivinin' ja'mi | 19680 | 100 | 52502 | 100 | 32822 | - | 166,7 |

3.1-kestede fermer xojali'g'i' mu'lkinin' ko'lemi ha'm qurami' keltirilgen. Oni' du'ziwde «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'ni'n' balans mag'li'wmatlari'nan paydalani'p, sap, isletiwge jari'mli' bayli'qlardi'n' ahwali' u'yrenildi. Keltirilgen mag'li'wmatlar balansi'ni'n' ja'mi summasi'na ten' boladi'.

Keste mag’li’wmatlari’nan ko’rinip turi’pti’, «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda u’yrenilip ati’rg’an ag’i’mdag’i’ da’wirde ja’mi aktivler summasi’ 32822 mi’n’ swmg’a yamasa 166,7% ge ko’peygen. Aktivlerdin’ ko’beyiwin unamli’ jag’day sapali’ bahalag’an halda, mag’li’wmatlarg’a itibar etetug’i’n bolsak, aktivlerdin’ ko’beyiwine muwapi’q ag’i’mdag’i’ aktivlerdin’ 31584 mi’n’ swmg’a artqanli’g’i’ esabi’nan bolg’an.

3.2-keste

**«AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ buxgalteriya balansi’ passiv statyalari’ analizi**

| Qarji’lar da’reklerinin’ qurami’ | 2011 ji’l | | 2012 ji’l | | O’zgerisi (+;-) | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Summa, mi’n’ swm | Sal-mag’i’, % | Summa, mi’n’ swm | Sal-mag’i’, % | Summa, mi’n’ swm | Salmag’i’, % | 2012-ji’l 2011-ji’lg’a sali’st-nda o’siwi, % |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6=4-2 | 7=5-3 | 8=6/2*100 |
| 1.O’z qarji’lari’ da’rekleri | 16473 | 83,7 | 26443 | 50,4 | 9970 | -33,3 | +60,5 |
| 2.Minnetlemeler | 3207 | 16,3 | 26059 | 49,6 | 22852 | +33,3 | +712,5 |
| Soni’n’ ishinde: | | | | | | | |
| a) Uzaq mu’ddetli minnetlemeler | - | - | - | - | - | - | - |
| b) Ag’i’mdag’i’ juwap-kershilikler | 3207 | 16,3 | 26059 | 49,6 | 22852 | +33,3 | +712,5 |
| Balans passivinin’ ja’mi | 19680 | 100 | 52502 | 100 | 32822 | - | 166,7 |

Usi’ fermer xojali’g’i’nda uzaq mu’ddetli aktivleri 2011-ji’lda bar bolmag’an, ag’i’mdag’i’ ji’lda bolsa 1238 mi’n’ swmdi’ qurag’an. Ag’i’mdag’i’ aktivler qurami’n u’yrenetug’i’n bolsak, ag’i’mdag’i’ ji’l aqi’ri’nda o’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda tovar – materialli’q zapaslar 173,0% ge ko’beygen, yag’ni’y bul 31204 mi’n’ swmdi’ qurag’an. Debitorlik qari’zlari’ bolsa ji’l aqi’ri’na kelip 88,0% ke yamasa 1144 mi’n’ swmg’a kemeygenin unamli’ bahalaw lazi’m. Sebebi, debitorli’q qari’zlari’ni’n’ bunday kemeyiwi fermer xojali’g’i’ni’n’ aylani’s qarji’lari’ni’n’ aylani’si’n tezlestiredi, ha’mde to’lew uqi’pli’li’g’i’ni’n’ jaqsi’lani’wi’na ali’p keledi. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda aktivleri qurami’nda tiykarg’i’ salmaqti’ tovar-materialli’q zapaslar iyelemekte. 2012-ji’l

aqi’ri’na kelip esap-kitap schyoti’nda pul qarji’lari’ artqani’n ko’riw mu’mkin. Bul to’lew qabiletinin’ “1,9%” ke artqani’n bildiredi.

3.3-keste

**«AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ tovar-materialli’q zapaslari’n qaplawg’a tiyisli derekleri menen ta’miyinlengenlik analizi**

| Ko’rsetkishler | 2011 ji’l | 2012 ji’l | Parqi’ (+, -) |
|---|---|---|---|
| 1. O’z qarji’lari’ni’n’ da’reklerii | 16473 | 26443 | 9970 |
| 2. Uzaq mu’ddetli aktivler | | 1238 | 1238 |
| 3. Tovar-materialli’q zapaslardi’ qaplawg’a tiyisli o’z qarji’lari’ da’reklerii | 16473 | 25205 | 8732 |
| 4. Uzaq mu’ddetli kredit ha’m qari’z | - | - | - |
| 5. Tovar-materialli’q zapaslardi’ qaplawg’a tiyisli qi’sqa ha’m uzaq mu’ddetli qari’z da’rekleri | 16473 | 25205 | 8732 |
| 6.Qi’sqa mu’ddetli kredit ha’m qari’zlar | - | - | - |
| 7. Tovar-materialli’q zapaslardi’ qaplawg’a tiyisli ja’mi da’rekleri | 16473 | 25205 | 8732 |
| 8. Tovar-materialli’q zapaslari’ni’n’ ja’mi | 18040 | 49244 | 31204 |
| 9. Tovar-materialli’q zapaslardi’ qaplawg’a o’z da’reklerinin’ jeterliligi (+) yamasa jetispewi (-) | -1567 | -24039 | -25606 |
| 10. Tovar-materialli’q zapaslardi’ qaplawg’a o’z ha’m uzaq mu’ddetli qari’z da’reklerinin’ jeterliligi (+) yamasa jetispewi (-) | -1567 | -24039 | -25606 |
| 11. Tovar-materialli’q zapaslardi’ qaplawg’a ja’mi da’reklerinin’ jeterli (+) yamasa jetispewi (-) | -1567 | -24039 | -25606 |

Keste mag’li’wmatlari’nan ko’rinip turi’pti’, «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda ag’i’mdag’i’ ji’ldi’n’ basi’na sali’sti’rg’anda ji’l aqi’ri’nda ja’mi passivler summasi’ 32822 mi’n’ swmg’a yamasa 166,7% ga artqan. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda mal-mu’likti quraytug’i’n da’reklerinin’ bunday ta’rtipte ko’beyiwin unamli’ jag’day si’pati’nda bahalaw lazi’m. Biraq, usi’ da’rekleri qaysi’ da’rekleri esabi’nan ko’beygenligine ayri’qsha a’hmiyet qarati’w maqsetke muwapi’q esaplanadi’. Yag’ni’y, da’reklerinin’ ko’beyiwi, o’z qarji’lari’ esabi’nan ba yamasa qari’z da’rekleri esabi’nan ekenligin ani’qlaw lazi’m. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ mag’li’wmatlari’nan ko’rinedi, xojali’qta 2012-ji’l aqi’ri’nda o’z qarji’lari’ da’rekleri ji’l basi’na sali’sti’rg’anda 9970 mi’n’ swmg’a yamasa 60,5% ke o’sken. Bunday na’tiyjeni fermer xojali’g’i’ ushi’n unamli’ bahalaw lazi’m. Sebebi, o’z qarji’lari’ da’reklerinin’ ko’beyiwi «AkmalKAR» fermer

xojali’g’i’ni’n’ finansli’q biyg’a’rezliginin’ arti’wi’na, to’lew uqi’pli’li’g’i’ni’n’ jaqsi’lani’wi’na ha’mde xojali’qti’n’ socialli’q-ekonomikali’q rawajlani’wi’na ali’p keledi. Mag’li’wmatlardan ko’rinedi, «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda 2012-ji’lda minnetlemeler summasi’ 22852 mi’n’ swmg’a yamasa 712,5% ke artqan. Bunnan ko’rinedi, xojali’qti’n’ to’lew likvidligi onshelli jaqsi’ da’rejede emes. Balans passivindegi statyalarg’a itibar etetug’i’n bolsak, tiykarg’i’ salmaqti’, yag’ni’y 60,5% tin o’z qarji’lari’ da’rekleri quramaqta. Bul «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ bekkem finansli’q turaqli’ ekenliginen da’rek beredi.

Keste mag’li’wmatlari’nan ko’rinedi, biz analizlep ati’rg’an «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda tovar-materialli’q zapaslari’n qaplawg’a tiyisli da’rekleri menen ta’miyinlengenlik ahwali’n analizlegenimizde to’mendegi na’tiyjelerge erisildi: bu analiz qi’li’ni’p ati’rg’an «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda 2012-ji’lda 2011-ji’lg’a sali’sti’rg’anda 9970 mi’n’ swmg’a o’z qarji’lari’ da’rekleri ko’beygen Xojali’qta 2012-ji’lda tovar-materialli’q zapaslari’n qaplawg’a tiyisli o’zlerine tiyisli da’reklerinin’ ko’lemi 8732 mi’n’ swmg’a artqani’n ko’riwimiz mu’mkin. O’zlerine tiyisli da’reklerinin’ ko’beyiwin unamli’ jag’day si’pati’nda bahalaw lazi’m. Xojali’qta ag’i’mdag’i’ ji’l basi’nda ha’m aqi’ri’nda uzaq mu’ddetli minnetlemeler, qi’sqa mu’ddetli minnetlemeler bolmag’an. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda tovar-materialli’q zapaslari’n qaplawg’a o’z da’rekleri 25606 mi’n’ swmg’a jeterli bolmag’an. Soni’n’ menen birge tovar-materialli’q zapaslari’n qaplawg’a ja’mi da’reklerdin’ de 25606 mi’n’ swmg’a jeterli bolmag’ani’n ko’riwimiz mu’mkin. Bunday na’tiyjelerdi ha’zirgi bazar ekonomikasi’ sharayati’nda jaqsi’ na’tiyje dep esaplani’lmaydi’. Solay eken mag’li’wmatlarg’a tiykarlang’an halda fermer xojali’g’i’ni’n’ finansli’q turaqli’li’qti’ bekkemlew ushi’n tiyisli ilajlar ko’riwi maqsetga muwapi’q esaplanadi’.

3.4-keste mag’li’wmatlari’nan ko’rinedi, biz analizlep ati’rg’an «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ 2012 ji’lda to’lew uqi’pli’li’g’i’na iye emes dep esaplanadi’. YAg’ni’y, fermer xojali’g’i’ni’n’ ja’mi to’lew qarji’lari’ 5176 mi’n’ swm bolg’an hali’nda, ja’mi to’lew qari’zlari’ 26059 mi’n’ swmdi’ qurag’an.

Bundan ko’rinedi, fermer xojali’g’i’nda to’lew qari’zlari’ sali’sti’rg’anda to’lew qarji’lari’ 20883 mi’n’ swmg’a kem bolg’an. Bul bolsa fermer xojali’g’i’ni’n’ to’lew uqi’pli’li’g’i’na iye emesliginen da’lalat beredi.

3.4-keste

**«AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ to’lew uqi’pli’li’g’i’ni’n’ analizi (2012)**

| To’lew ushi’n qarji’lar | esabat ji’li’ aqi’ri’na summasi’, mi’n’ swm | To’lew qari’zlari’ | esabat ji’li’ aqi’ri’na summasi’, mi’n’ swm |
|---|---|---|---|
| 1. Pul qarji’lari’, yag’ni’y kassadag’i’ ha’m esap raqami’ndag’i’ aqshalay qarji’lari’ | 1862 | 1. Tovar jetkizip beriwshi ha’m arendatorlarg’a to’lenetug’i’n schyotlar (qari’zlar) | 21025 |
| 2. Valyuta qarji’lari’ | - | 2. Byudjetke to’lemler boyi’nsha qari’zlari’ | 346 |
| 3. Qi’sqa mu’ddetli investiciyalar, basqa pul qarji’lari’ ha’m ag’i’mdag’i’ aktivler | - | 3. Ali’ng’an avanslar | - |
| 4. Tayar o’nim | 3314 | 4. Maqsetli ma’mleketlik jamg’armalari’na to’lewlar boyi’nsha qari’zlar | 1193 |
| 5. Debitorlik qari’zlari’ | - | 5. Qamsi’zlandi’ri’w to’lemleri boyi’nsha qari’zlar | - |
| | | 6. Miynetke haqi’ to’lew boyi’nsha qari’zlar | 3495 |
| | | 7. Qi’sqa mu’ddetli kredit ha’m qari’zlar | - |
| | | 8. Basqa ag’i’mdag’i’ minnetlemeler | - |
| **Ja’mi to’lew ushi’n qarji’lar** | **5176** | **Ja’mi to’lew qari’zlari’** | **26059** |
| Qari’z to’lew minnetleme-lerinin’ ko’pligi | 20883 | To’lew qari’zlari’nan to’lew qarji’lari’ni’n’ ko’pligi (arti’qshali’g’i’) | |
| **Balans** | **26059** | **Balans** | **26059** |

Bundan ti’sqari’ to’lew qarji’lari’ qurami’na itibar etetug’i’n bolsak, oni’n’ tiykari’n tayar o’nimler quramaqta. To’lew qari’zlari’ni’n’ tiykari’n bolsa tovar jetkizip beriwshiler 21025 mi’n’ swm byudjetke to’lemler boyi’nsha qari’zlar 346 mi’n’ swmdi’, maqsetli ma’mleketlik jamg’armalari’na to’lemler boyi’nsha qari’zlar 1193 mi’n’ sumdi’ miynetke haqi’ to’lew boyi’nsha qari’zlar 2420 mi’n’ sumdi’ quramaqta.

3.5-keste

**«AkmalKAR» fermer xojali'g'i'ni'n' aylani's qarji'lari'n aylani'si' analizi**

| Ko'rsetkishler nomi | 2011 ji'l | 2012 ji'l | Parqi' (+,-) |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4=3-2 |
| 1. O'nim (jumi's, xi'zmet)lerdi sati'wdan ali'ng'an sap tu'sim, mi'n' swmda | 20539 | 22509 | 1970 |
| 2. Ja'mi tovar-materialli'q zapaslari', mi'n' swmda | 18040 | 49244 | 31204 |
| 3.Tovar-materialli'q zapaslari'ni'n' (aylani's qarji'lardi'n') aylani's koefficienti | 1,14 | 0,45 | -1,69 |
| 4.Tovar-materialli'q zapaslari'ni'n' (aylani's qarji'lardi'n') aylani's da'wiri, ku'n esabi'nda | 316 | 788 | 472 |
| 5. Aylani's salmag'i' koefficienti | 0,87 | 2,18 | 1,31 |
| 6. Aylani'sti'n' tezleniwi yamasa a'stenlesiwinen qarji'lardi'n' bosag'anli'g'i' (-) yamasa qosi'msha (+) engizilgenligi:<br>A) ku'n esabi'nda<br>B) summada, mi'n' swmda<br>472*22509/360 | <br><br><br><br>X<br>X | <br><br><br><br>X<br>X | <br><br><br><br>472<br>29511,8 |

Bul bolsa usi' qari'zlardi' qi'sqa mu'ddette toli'q beriw lazi'm ekenligin bildiredi.

«AkmalKAR» fermer xojali'g'i' to'lew uqi'pli'li'g'i'ni'n' jaqsi' emesligi ko'rinip turi'pti'. Xojali'q to'lew qari'zlari'n to'lew ushi'n tayar o'nimlerdi sati'w ha'm to'lew uqi'pli'li'g'i'ni jaqsi'law choralari'n kwrish lazi'm.

3.5-keste mag'li'wmatlari'nan ko'rinip turi'pti', biz analizi qilayotgan «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'nda 2012 ji'lda o'nimlerni sati'wdan ali'ng'an sap tu'sim mug'dari' 17599 mi'n' swmg'a artqani'n ko'riwimiz mu'mkin. Bug'an sa'ykes ra'wishte tovar-materialli'q zapaslardi'n' quni' bolsa 4342 mi'n' swmg'a o'sken. Bolardi'n' na'tiyjesinde tovar-materialli'q zapaslari'ni'n' aylani's koefficienti 2011 ji'lg'a sali'sti'rg'anda 2012 ji'lda 9,7 koefficientga kemeygen.

Aylani's da'wiri bolsa 2011 ji'lg'a sali'sti'rg'anda 472 ku'nge artqan, yag'ni'y aqi'ri'nlasqan. «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'nda tovar-materialli'q zapaslari' aylani'si'ni'n' aqi'ri'nlasi'wi' na'tiyjesinde fermer xojali'g'i' oboroti'nan qarji'lari'ni'n' za'ru'rligi 31204 mi'n' sumdi' qurag'an. Bunday na'tiyjeler «AkmalKAR» fermer xojali'g'i' ushi'n unamsi'z jag'day esaplanadi'.

To'mendegi 3.6-keste mag'li'wmatlari'nan ko'rinedi, «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'nda ja'mi debitorlik qari'zlari' 158 mi'n' sumdi' qurag'an. YAg'ni'y,

kreditorli'q qari'zlari' debitorlik qari'zlari'nan 26059 mi'n' swmg'a ko'p bolg'an. «AkmalKAR» fermer xojali'g'i' ushi'n bul sali'sti'rg'anda unamsi'z ahwal boli'p esaplanadi'. Debitorlik qari'zlari'ni'n' tovar jetkizip beriwshi ha'm arendashi'larg'a berilgen avanslar 158 mi'n' sumdi' qurag'an.

3.6-keste

**«AkmalKAR» fermer xojali'g'i'ni'n' debitorlik ha'm kreditorli'q qari'zlari' balansi'ni'n' analizi (2012 ji'l)**

| Debitorlik qari'zlar | Summa, mi'n' swm | Kreditorli'q qari'zlar | Summa, mi'n' swm |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| Qari'ydar ha'm buyi'rtpa-shi'lardi'n' qari'zi' (4000 dan 4900 din' ayi'rmasi') | - | Tovar jetkizip beriwshi ha'm arendashi'larg'a qari'z (6000) | 21025 |
| Xi'zmetkerlerge berilgen avanslar (4200) | - | Aji'rati'lg'an bo'limlerge qari'z (6110) | - |
| Byudjetga sali'q ha'm ji'yi'nlar boyi'nsha avans to'lewleri (4400) | - | Si'n'ar ha'm qarawi'ndag'i' ja'ma'a'tlerge qari'zi' (6120) | - |
| Xi'zmetkerlerdin' basqa operaciyalari' boyi'nsha qari'zi' (4700) | - | Sali'q ha'm ma'jburiy aji'ratpalar boyi'nsha keshiktirilgen minnetlemeler (6240) | - |
| Si'n'ar ha'm qarawi'ndag'i' ja'ma'a'tlerge qari'zi' (4120) | - | Ali'ng'an avanslar(6300) | - |
| SHo'lkemlestiriwshilerdin' ustav kapitali'na u'lesler boyi'nsha qari'zi' (4600) | - | Byudjetga to'lewlar boyi'nsha qari'z (6400) | 346 |
| Aji'rati'lg'an bo'limlerdin' qari'zi' (4110) | - | Qamsi'zlandi'ri'wlar boyi'nsha qari'z (6510) | - |
| Tovar jetkizip beriwshi ha'm arendashi'larg'a berilgen avanslar (4300) | 158 | Maqsetli ma'mleketlik jamg'armalari'na to'lewler boyi'nsha qari'z (6520) | 1193 |
| Maqsetli ma'mleketlik jamg'armalari' ha'm qamsi'zlandi'ri'w boyi'nsha avans to'lewleri (4500) | - | SHo'lkemlestiriwshilerdin' ustav kapitali'na u'lesler boyi'nsha qari'zi' (6600) | - |
| | | Miynetke haqi' to'lew boyi'nsha qari'z (6700) | 3495 |
| | | Qi'sqa mu'ddetli bank kreditleri (6810) | - |
| | | Qi'sqa mu'ddetli qari'zlar | - |
| Basqa debitorlik qari'zlari' (4800) | - | Basqa kreditorli'q qari'zlari' (6950dan ti'sqari') | - |
| **Ja'mi** | **158** | **Ja'mi** | **26059** |
| Kreditorik qari'zlari'ni'n' debitorlik qari'zlari'nan arti'qshali'g'i' | 25901 | Debitorlik qari'zlari'nnig kreditorli'q qari'zlari'nan arti'qshali'g'i' | - |
| **Balans** | **26059** | **Balans** | **26059** |

Soni’n’ menen bir qatarda, kreditorli’q qari’zlari’ qurami’na itibar beretug’i’n bolsak, tovar jetkizip beriwshiler 21025 mi’n’ byudjetke to’lemler boyi’nsha qari’z 346 mi’n’ sumdi’, maqsetli ma’mleketlik jamg’armalari’ 1428 mi’n’ sumdi’, miynet ha’m og’an haqi’ to’lew 3495 mi’n’ sumdi’ quramaqta. Bul bolsa, «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ aldi’ndag’i’ minnetlemelerin jeterli da’rejede a’melge asi’rmay ati’rg’anli’g’i’nan derek beredi.

Debitorlik ha’m kreditorli’q minnetlemelerinin’ ten’ligi 26059 mi’n’ sumdi’ qurag’an. Sonnan sap debitorlik qari’zlari’ summasi’ 158 mi’n’ sumdi’ qurag’an. Demek, «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ qari’zlari’n to’lew ilajlari’n ko’riwi lazi’m boladi’.

Analizde mu’ddeti uzayti’ri’lg’an debitorlik ha’m kreditorli’q juwapkerliklerinin’ payda boli’wi’na ayri’qsha a’hmiyet beriledi. Nege desen’iz, mu’ddeti o’tkizip jiberilgen qari’zlar xojali’qti’n’ finansli’q ahwali’n mu’shkillesiwi ha’m turaqli’li’g’i’ni’n’ buzi’li’wi’na ali’p keledi. O’z na’wbetinde xojali’qti’n’ to’lew uqi’pli’li’g’i’ buzi’ladi’.

### 3.3. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ rentabellik da’rejesin artti’ri’w boyi’nsha prognozlawlar o’tkeriw

Fermer xojali’g’i’ni’n’ o’nimlerin realizaciya qi’li’w boyi’nsha tayarlaw sho’lkemleri ha’m basqada ka’rxanalar menen qatnasi’qlari’ sha’rtnama tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’.

Ma’selen paxta jetistiriwshi fermer xojali’qlari’ni’n rayondag’i’ paxta tazalaw ashi’q akcionerlik ja’miyetleri menen paxtani’ sati’w boyi’nsha qatnasi’qlari’ to’mendegi ta’rtipte a’melge asi’ri’ladi’.

Fermer xojali’qlar ji’l basi’nda usi’ ji’lg’i’ bolatug’i’n hasi’l ushi’n paxta tazalaw zavodi’ menen sha’rtnama du’zedi. Bunnan ti’sqari’ xojali’qlar i’xtiyari’nda qalatug’i’n paxta shiyki zati’nan shi’qqan shigitti de erkin baha tiykari’nda sati’w yamasa may ekstraciya zavodi’na qayta islew ushi’n jiberiwi mu’mkin.

Fermerlerdin’ qalgan tayarlaw sho’lkemleri ha’m qayta islew ka’rxanalari’ (konserva zavodi’, su’t zavodi’ ha’m tag’i’ basqa) ha’mde xi’zmet ko’rsetiwshi qa’rxanalar («Agroximiyaservis», MTPlar, Neft o’nimleri skladlari’ ha’m basqa) menen baylani’slar da usi’gan uqsa ta’rtipte sha’rtnamalar tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’.

Biraq, xi’zmet ko’rsetiwshi karxanalardi’n’ ori’nlarda azshi’li’kti’ qurawi’ sebepli olar monopol mavkega iye boli’p, fermerlerdin’ tan’law erkinliklerin joqqa shi’g’armaqta. Texnikali’q xi’zmet korsetiw ha’m materialli’q-texnikali’q ta’miynati’ tarawlari’nda bolgani’ si’yaqli’ o’nimlerdi tayarlaw ha’m qayta islew menen shug’i’llani’wshi’ ka’rxanalarda azshi’li’qti’ qurap, o’z o’nimlerinde jeke ha’kimlikti (monopoliya mavqeini) qolg’a kiritip alg’an. Soni’n’ ushi’n, ha’r bir rayon ko’leminde qayta islew ka’rxanalari’ tarmaqlari’n ko’beytiw boyi’nsha qatan’ ilajlardi’ a’melge asi’ri’w za’ru’r. O’nimlerdi qayta islewshi jan’a cexlardi’ iske tu’siriw yamasa xi’zmet ko’rsetip ati’rg’an ka’rxanalardi’n’ bir neshe ori’nda o’nim qabi’l etiwshi shaxabshalardi’ oshi’w kerek.

O’nimdi shiyki zat si’pati’nda sati’wdan ji’l dawami’nda ter to’gip miynet etken fermer emes, al arzi’mag’an pul esabi’nan oni’ sati’p ali’p, qayta islep satatugi’n karxanalar ko’p payda ko’rmekte.

Keyingi ji’llarda ko’pshilik qayta islewshi ha’m tayarlawshi’ ka’rxanalar ha’mde xi’zmet ko’rsetiwshi du’zilmeler ma’mleket karami’nan shi’g’ari’li’p, ashi’q akcionerlik ja’miyetlerge aylandi’ri’ldi’. Biraq olardi’n’ akcionerleri ko’binese usi’ ka’rxanani’n’ ag’zalari’nan ibarat bolmaqta. Soni’n’ menen birge akciyalardi’n’ ko’pshiligi mamleketke tiyisli boli’p kalmaqta. Bizin’ pikirimizshe qayta islewshi ha’m tayarlawshi’ ka’rxanalardi’n’ jeke ha’kimligin juwmaqlaw ha’m fermer xojali’qlari’ni’n’ olarga baylani’sli’li’g’i’n saplasti’ri’w ushi’n, bunday karxanalar akciyalari’ni’n’ ko’pshilik bo’legin birinshi gezekte usi’ ka’rxanalarga o’nim jetkerip beriwshi xojali’qlarga sati’w kerek (hesh bolmag’anda kadagalaw paketi mug’dari’nda) shi’g’ari’lgan jumi’s islewshiler iyelik etiwi karxanada islewshi jumi’sshi’lar yamasa baska awi’l xojali’g’i’ ka’rxanalari’ni’n’ ozleri o’nim satatugi’n qayta islewshi ha’m tayarlawshi’ ka’rxanalari’ni’n akciyalari’na iye bolsa, olar da usi’ ka’rxanalar paydasi’ni’n’ bir bo’legine sherik si’pati’nda olardi’ rawajlandi’ri’wg’a o’z u’lesin qosadi’ ha’m basqari’wda sezilerli da’rejede u’les qosi’p awi’l xojali’g’i’ o’nimlerinin’ arzan bahalarda sati’p ali’ni’wi’na shek qoyadi’.

Awi’l xojali’g’i’nda a’melge asri’li’p ati’rgan ekonomikali’q reformalar arqali’ erisilgen natiyjelerge toqtali’p o’tkende Prezidentimiz o’tken ji’lda awi’l xojali’g’i’ islep shi’g’ari’wi’ni’n’ na’tiyjeliligin elede asi’ri’w principial a’hiyetke iye ekenligin esapqa ali’p, fermer xojali’qlari’na aji’rati’lg’an jer maydanlari’n optimallasti’ri’wda za’ru’rli islerdin’ a’melge asi’ri’lganli’g’i’, aldi’n ala zi’yan ko’rip isleytug’i’n, rentabilligi to’men ha’m keleshegi joq shirekt xojali’qlari’n saplasti’ri’w negizinde sho’lkemlestirilgen jeke fermer xojali’qlari’ bu’gingi ku’nde awi’lda jetekshi buwi’ng’a-awi’l xojali’g’i’ o’nimlerin islep shi’g’ari’fwshi’ tiykarg’i’ ku’shke aylang’anli’g’i’n ayti’p o’tti.

Fermer xojali’g’i’ rawajlang’an ma’mleketlerde uzaq da’wirli ta’jriybesinde o’zinin’ na’tiyjeliligi, ba’sekege shi’damli’li’g’i’, bazar kon’yunkturasi’na tez maslasa ali’wi’ si’yaqli’ qa’siyetlerin o’zinde ko’rsete aldi’. Sog’an qarap O’zbekstanda da fermer xojali’qlari’ni’n’ rawajlani’wi’na u’lken itibar qarati’li’p,

olardi'n' iskerlik ko'retiwi ushi'n za'rur ekonomikali'q sha'rt-sharayatlar jarati'ldi', normativ-xuqi'qi'y tiykarlari' islep shi'g'i'ldi'.

Izertlew ob'ektimizdin' debitorli'q qari'zlari'ni'n' aylani'wshan'li'g'i' mag'li'wmatlari'n izertlew ha'm analizlew islerine qaytatug'i'n bolsaq, «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'ni'n' rentabellik da'rejesin artti'ri'w boyi'nsha usi'ni'slar islep shi'g'i'w maqsetke muwapi'q bolar edi.

To'mendegi 3.7-kesteni analizlewde debitorli'q minnetlemeleri analizinde olardi'n' aylani'wshan'li'g'i'na ayri'qsha itibar beriledi. Sebebi, debitorlik minnetlemelerinin' aylani'wshan'li'q da'rejesi xojali'qti'n' finansli'q ahwali'na baha beriwdin' a'hmiyetli ko'rsetkishlerinen biri esaplanadi'.

3.7-keste

**«AkmalKAR» fermer xojali'g'i'ni'n' debitorlik qari'zlari'ni'n' aylani'wshan'li'g'i' analizi**

| Ko'rsetkishler | 2011-ji'l | 2012-ji'l | Parqi' (+;-) |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 1. Ja'mi debitorlik qari'zlari', mi'n' swm | 1302 | 158 | -1144 |
| 2. O'nim (jumi's, xi'zmet)ler sati'wdan sap tu'sim, mi'n' swm | 20539 | 22509 | 1970 |
| 3. Ag'i'mdag'i' aktivler, mi'n' swm | 19680 | 51261 | 31581 |
| 4. Mu'ddeti o'tken debitorlik qari'zlari', mi'n' swm | - | - | - |
| 5. Debitorlik qari'zlari'ni'n' aylani's koefficienti (2/1) | 15,8 | 142,5 | 126,7 |
| 6. Debitorlik qari'zlari'ni'n' aylani's da'wiri, ku'n esabi'nda (1x360/2) | 23,03 | 2,6 | -20,43 |
| 7. Ag'i'mdag'i' aktivler qurami'nda debitorlik qari'zlari' u'lesi, % (1/3 x 100) | 6,6 | 0,3 | -6,3 |
| 8. Mu'ddeti o'tken debitorlik qari'zlari' u'lesi, % (4/1 x 100) | - | - | - |

Sonday-aq, joqari'dag'i' kestede «AkmalKAR» fermer xojali'g'i' mag'li'wmatlari'nan paydalani'lg'an halda debitorlik minnetlemelerinin' aylani'wshan'li'g'i' analiz qi'li'ndi'. Mag'li'wmatlardan ko'rinedi, u'yrenilip ati'rg'an da'wirde biz analizlep ati'rg'an «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'nda debitorlik minnetlemelerinin' ahwali' 2012-ji'lda 2011-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 1144 mi'n' swmg'a kemeygen. A'yne waqi'tda o'nim sati'wdan ali'ng'an sap tu'sim summasi' 2011-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 1970 mi'n' swmg'a ko'beygenligini baqlaw

mu’mkin. Debitorlik qari’zlari’ni’n’ o’ndiriliwi 2011-ji’lg’a sali’sti’rg’anda 20 ku’nge kemeygen. Bunnan kelip shi’g’adi’, debitorli’q qari’zlari’ni’n’ o’ndiriliwi bir qansha tezlesken. Debitorlik qari’zlari’ aylani’si’ni’n’ koefficienti 2011-ji’lg’a sali’sti’rg’anda 26,7 koefficientke artqanli’g’i’n ha’m ko’riwimiz mu’mkin. Ag’i’mdag’i’ aktivler qurami’nda debitorlik qari’zlari’ u’lesi o’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda 6,3 procentke kemeygenligi unamli’ hal esaplanadi’. Sebebi bul jag’day «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ finansli’q ahwali’n jaqsi’lani’wi’na ali’p keliwi mu’mkin.

3.8 - keste

**«AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ aylani’wshan’li’g’i’ analizi**

| Ko’rsetkishler | 2011-ji’l | 2012-ji’l | Parqi’ (+;-) |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 1. Ja’mi kreditorli’q qari’zlari’, mi’n’ swm | 3207 | 26059 | 22852 |
| 2. Sati’lg’an o’nim (jumi’s, xi’zmet)ler o’zine tu’ser bahasi’, mi’n’ swm | 13550 | 12071 | -1479 |
| 3. Ja’mi minnetlemeler, mi’n’ swm | 3207 | 26059 | 22852 |
| 4. Mu’ddet o’tken kreditorli’q qari’zlari’, mi’n’ swm | - | - | - |
| 5.Kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ aylani’s koefficienti (2/1) | 4,2 | 0,4 | -3,8 |
| 6. Kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ aylani’s da’wiri, ku’n esabi’da (1 x 360/2) | 85 | 777 | 691 |
| 7. Minnetlemeler qurami’da kreditorli’q qari’zlar u’lesi, % (1/3 x 100) | 100 | 100 | - |
| 8. Mu’ddeti o’tken kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ ja’mi kreditorli’q qari’zlari’ qurami’ndag’i’ salmag’i’, % (4/1 x 100) | - | - | - |

Kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ ahwali’na olardi’n’ aylani’s da’rejelerin u’yreniw tiykari’nda toli’q baha beriw mu’mkin. Kreditorli’q qari’zlari’ aylani’wshan’li’g’i’ boyi’nsha joqari’dag’i’ baylani’sli’qlar kestesi keltirilgen.

**3.9-keste**

**«AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ rentabellik ko’rsetkishleri, olardi’n’ tu’rleri ha’m ta’sir etiwshi faktorlar analizi**

| № | Ko’rsetkishler | 2011-ji’l | 2012-ji’l | Parqi’(+;-) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1 | O’nim (jumi’s, xi’zmet) sati’wdan ali’ng’an sap tu’sim, mi’n’ swm | 20539 | 22509 | 1970 |
| 2 | Sati’lg’an o’nim (jumi’s, xi’zmet)lerdin’ o’ndirisi o’zine tu’ser bahasi’, mi’n’ swm | 13550 | 12071 | -1479 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3 | O’nim (jumi’s, xi’zmet) sati’wdan ali’ng’an jalpi’ payda, mi’n’ swm | 6989 | 10438 | 3449 |
| 4 | Sap payda, mi’n’ swm | 2254 | 5977 | 3723 |
| 5 | Tiykarg’i’ qurallardi’n’ ortasha ji’lli’q quni’ (qaldi’q quni’nda), mi’n’ swmda | - | 1238 | 1238 |
| 6 | Oborot qarji’lari’ni’n’ ortasha ji’lli’q quni’, mi’n’ swm | 19680 | 51264 | 31584 |
| 7 | Ka’rxananin’ ja’mi mu’lki, mi’n’ swm | 19680 | 52502 | 32822 |
| 8 | O’zlerine tiyisli qarji’lari’ da’rekleri, mi’n’ swm | 16473 | 26443 | 9970 |
| 9 | Qari’z qarji’lari’, mi’n’ swm | - | - | - |
| 10 | O’nim sati’w rentabelligi,% | 34,02 | 46.37 | 12.35 |
| 11 | Tiykarg’i’ qurallar rentabelligi, % | - | - | - |
| 12 | Oborot qarji’lari’ rentabelligi % | 11,45 | 11,66 | 0,21 |
| 13 | O’ndiris o’zine tu’ser bahasi’ rentabelligi % | 16,63 | 49,51 | 32,88 |
| 14 | O’z qarji’lari’ rentabelligi % | 13,68 | 22,60 | 8,92 |
| 15 | Tovar-mu’lik rentabelligi, % | 11,45 | 11,66 | 0,21 |
| 16 | Uli’wmali’q rentabellik,% | 11,45 | 11,66 | 0,21 |
| 17 | Qari’z qarji’lari’ rentabelligi,% | - | - | - |

«AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ aylani’si’na to’mendegishe baha beriwimiz mu’mkin. Keste mag’li’wmatlari’nan ko’rinedi, «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda ja’mi kreditorli’q qari’zlari’ o’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda 22852 mi’n’ swmg’a ko’beygen. Bug’an kerisinshe, sati’lg’an o’nim (jumi’s, xi’zmet) lerdi’n’ o’ndirislik o’zine tu’ser bahasi’ bolsa 2012-ji’lda 1479 mi’n’ swmg’a kemeygen. Buni’n’ na’tiyjesinde «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ aylani’s koefficienti 2012-ji’lda 3,8 koefficientga kemeygenini ko’riwimiz mu’mkin. Kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ aylani’wshan’li’g’i’ 691 ku’nge uzayg’an. Bunday na’tiyjeni «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ ushi’n unamsi’z jag’day si’pati’nda bahalaw lazi’m.

Minnetlemeler qurami’nda kreditorli’q qari’zlari’ni’n’ salmag’i’ 2012-ji’lda da 100% ti qurag’an. Bul na’tiyjelerden kelip shi’g’i’p soni’ ayti’w kerek, «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ finansli’q ahwali’n jaqsi’law maqsetinde kreditorli’q minnetlemelerin qi’sqarti’w boyi’nsha tiyisli ilajlar ishlep shi’g’i’wi’ lazi’m dep esaplaymi’z.

3.9-keste mag’li’wmatlardan ko’rinedi, biz analizlep ati’rg’an «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda esabat ji’li’nda o’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda o’nim (jumi’s, xi’zmet) lerdi sati’wdan ali’ng’an sap tu’sim mug’dari’ 1970 mi’n’ swmg’a

ko’beygen, bug’an sa’ykes ra’wishte o’nimlerdin’ o’ndirislik o’zine tu’ser bahasi’ ham 1479 mi’n’ swmg’a kemeygen, oborot qarji’lari’ni’n’ ortasha ji’lli’q quni’, ja’mi mu’lki ha’m o’zlerine tiyisli qarji’lari’ da’rekleride artqan. Sap paydani’n’ mug’dari’ o’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda 3723 mi’n’ swmg’a artqan.

Na’tiyjede ko’pshilik rentabellik ko’rsetkishlerinde ko’teriliw tendenciyasi’ zu’ra’a’tliliktin’ boli’wi’ unamli’ hal boli’p esaplanadi’.

## JUWMAQLAW HA’M USI’NI’SLAR

Diyqanshi’li’q o’ndirisinde o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasi’n arzanlati’w jollari’ esabi’ ha’m analizine bag’i’shlang’an magistrlik dissertaciya jumi’si’ temasi’n teoriyali’q jaqtan u’yreniw ha’m ob’ekt si’pati’nda tanlang’an fermer xojali’g’i’ mag’li’wmatlari’n analizlew na’tiyjelerinen kelip shi’g’i’p to’mendegi juwmaqlar qa’liplesti:

1. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ muwapi’q diyqanshi’li’qka qa’nigelestirilgen boli’p, onda qarejet statyalari’ to’mendegishe bolg’an: materiallar; tikkeley o’nim o’ndirisi menen ba’nt bolg’an xi’zmetkerlerdin’ miynet haqi’si’ shi’g’i’nlari’; miynet haqi’si’na sali’sti’rg’anda aji’ratpalar (birden-bir socialli’q to’lem, ka’siplik birlespelerge to’lem, pensiya jamg’armasi’na aji’ratpa ha’m basqalar); zu’ra’a’t qamsi’zlandi’ri’wi’ boyi’nsha aji’ratpalar; tiykarg’i’ qurallar amortizaciyasi’; jumi’s ha’m xi’zmetler; uli’wma o’ndirislik shi’g’i’nlar ha’m basqalar.

2. No’kis rayoni’ndagi «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda muwapi’q 2012- «Tiykarg’i’ o’ndirislik» schyoti’ ashi’lg’an. Xojali’qta o’ndirislik shi’g’i’nlar schyotlari’ni’n’ sistemasi’ shi’g’i’nlar esabi’n to’mendegi izbe – izlikte gruppalaw imka’niyati’n beredi: ay dawami’nda qarejet elementleri (material, ish haqi’si’, amortizaciya ha’m hokazo) o’ndirislik schyotlari’n depetida sa’wlelenedi; uli’wma o’ndirislik shi’g’i’nlar bo’listiriledi; tiykarg’i’ o’ndirislikdan ali’ng’an tayar o’nim ha’m tamamlanbag’an o’ndirislik o’zine tu’ser bahasi’ ani’qlanadi’.

3. «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda u’yrenilip ati’rg’an ag’i’mdag’i’ da’wirde ja’mi aktivler summasi’ 32822 mi’n’ swmg’a yamasa 166,7% ke ko’beygen. Aktivlerdin’ ko’beyiwin unamli’ jag’day sapali’ bahalag’an halda, mag’li’wmatlarg’a itibar etetug’i’n bolsak, aktivlerdin’ ko’beyiwi muwapi’q ag’i’mdag’i’ aktivlerdin’ 31584 mi’n’ swmg’a artqanli’g’i’ esabi’nan bolg’an.

Usi’ fermer xojali’g’i’nda uzaq mu’ddetli aktivleri 2011-ji’lda uli’wma bolmag’an, ag’i’mdag’i’ ji’lda bolsa 1238 mi’n’ sumdi’ qurag’an. Ag’i’mdag’i’ aktivler qurami’n u’yrenetug’i’n bolsaq, ag’i’mdag’i’ ji’l aqi’ri’nda o’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda tovar – materialli’q zapaslar 173,0% ke ko’beygen, yag’ni’y bu

31204 mi'n' sumdi' qurag'an. Debitorlik qari'zlari' bolsa ji'l aqi'ri'na kelip 88,0 % ga yamasa 1144 mi'n' swmg'a kemeygenini unamli' bahalaw lazi'm. Sebebi, debitorlik qari'zlari'ni'n' bunday kemeyiwi fermer xojali'g'i'ni'n' aylani's qarji'lari'n aylani'si'n tezlestiredi, ha'mde to'lew uqi'pli'li'g'i'ni'n' jaqsi'lani'wi'na ali'p keledi. «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'nda aktivleri qurami'nda tiykarg'i' salmaqti' tovar-materialli'q zapaslar iyelemekte. 2010 ji'l aqi'ri'na kelip esap-kitap schyoti'nda pul qarji'lari' artqani'n ko'riw mu'mkin. Bu to'lew qabiletinin' "1,9%" ke artqani'n bildiredi.

4. «AkmalKAR» fermer xojali'g'i'nda jetistirilgen kartoshkani'n' o'zine tu'ser bahasi'n ani'qlaw na'tiyjelerine baylani'sli', fermer xojali'g'i' 288 centner standart kartoshka jetisatirgen boli'p, standart emes kartoshka bolsa 72 centnerni qurag'an. 1 centner standart kartoshkani'n' bazar bahasi 68000 sumdi' qurag'an, standart emes kartoshkani'n' bazar bahasi bolsa 30500 sumdi' qurag'an. Sati'w bahasi boyi'nsha standart kartoshkani'n' quni' 19584 mi'n' sumdi', standart emes kartoshkani'n' quni' bolsa 2196 mi'n' sumdi' qurag'an boli'p, standart kartoshkani'n' ja'mi qundag'i' u'lesi 90% ni, standart emes kartoshkani'n' ja'mi qundagi u'lesi bolsa 10 % ni qurag'an. Na'tiyjeda standar kartoshkaga qi'li'ng'an qarejet summasi' 16876 mi'n' sumdi', standart emes kartoshkaniki bolsa 1893 mi'n' sumdi' qurag'an boli'p, 1 centner standart kartoshkani'n' o'zine tu'ser bahasi' 58600 swmg'a, standart emes kartoshkaniki bolsa 26291 swmg'a tushgan. Ja'mi standart ha'm standart emes kartoshkani'n' sati'w bahasi boyi'nsha qimati 21780 mi'n' sumdi', qarejet qi'li'ng'an summa bolsa 18769 mi'n' sumdi' qurag'an.

Juwmaqlaw qi'li'p aytganda, «AkmalKAR» fermer xojali'g'i' bir birlik centner kartoshkani'n' o'zine tu'ser bahasi'n pa'seytiriwi, standart emes kartoshkani'n' mug'dari'ni kemeytiw choralari'n kwrish lazi'm

5. «AkmalKAR» fermer xojali'g'i' mag'li'wmatlari'nan ko'rinedi, xojali'qta 2012-ji'l aqi'ri'nda o'z qarji'lari' da'rekleri ji'l basi'na sali'sti'rg'anda 9970 mi'n' swmg'a yamasa 60,5 % ke o'sken. Bunday na'tiyjeni fermer xojali'g'i' ushi'n unamli' bahalaw lazi'm. Sebebi, o'z qarji'lari' da'reklerinin' ko'beyiwi

«AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ finansli’q g’a’rezsizliginin’ arti’wi’na, to’lew uqi’pli’li’g’i’ni’n’ jaqsi’lani’wi’na ha’mde xojali’qti’n’ socialli’q-ekonomikali’q rawajlani’wi’na ali’p keledi. Mag’li’wmatlardan ko’rinedi, «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’nda 2012-ji’lda minnetlemeler summasi’ 22852 mi’n’ swmg’a yamasa 712,5% ke artqan. Bunnan ko’rinedi, xojali’qti’n’ to’lew likvidligi onshelli jaqsi’ da’rejede emes. Balans passivindegi statyalarg’a itibar etetug’i’n bolsak, tiykarg’i’ salmaqti’, yag’ni’y 60,5% tin o’z qarji’lari’ da’rekleri quramaqta. Bul «AkmalKAR» fermer xojali’g’i’ni’n’ bekkem finansli’q turaqli’ ekenliginen da’lalat beredi.

6. Fermer xojali’qlari’nda shi’g’i’nlardi’ kemeytiw ha’m o’zine tu’ser bahasi’n pa’seytiriwdin’ tiykarg’i’ jollari’ to’mendegiler esaplanadi’:

- o’ndiris ha’m miynetti ilimiy tiykarlang’an halda sho’lkemlestiriw;

- agrotexnikali’q ilajlardi’n’ uli’wmali’q sani’n kemeytiw, o’z waqti’nda ha’m sapali’ o’tkiziw;

- shi’g’i’nlardi’ kemeytiw ha’m o’nim o’ndiriwdegi o’zine tu’ser bahasi’n pa’seytiw;

- shi’g’i’nlardi’n’ haqi’yqati’nda sari’plani’wi’ u’stinen baqlaw ornati’w ha’m analiz qi’li’p bari’w.

Bundan ti’sqari’ fermer xojali’qlari’nda ji’l basi’nda biznes-reje du’ziliwi, onda qi’li’natug’i’n ha’r bir qarejet mug’dari’ ha’m summasi’ ko’rsetiliwi, usi’ rejeden u’lken ag’i’si’wlarg’a jol qoyi’lmasli’g’i’ lazi’m.

7. Xojali’qta diyqanshi’li’qka qi’li’ng’an shi’g’i’nlar ha’m ali’ng’an o’nimlerdi analiz qi’li’p bari’w shi’g’i’nlardi’n’ tuwri’ qa’liplestiriliwin baqlaw qi’li’w, aldi’ng’i’ ji’lg’i’ qa’te ha’m kemshiliklerge jol qoymasli’q ilajlari’n ko’riw lazi’m.

## PAYDALANI'LG'AN A'DEBIYATLAR DIZIMI

1. Karimov I.A. YUksak ma'naviyat – engilmas kuch. – T.: "Ma'naviyat", 2009.

2. Karimov I.A. Jahon finansli'q-ekonomikali'q inqirozi, O'zbekistan sharayati'nda uni bartaraf etishnin' ywllari' ha'm choralari' / I.A.Karimov. – T: O'zbekistan, 2009. – 56 b.

3. Karimov I.A.Biznin' joli'miz — demokratik islohotlardi' chuqurlasti'ri'w ha'm modernizaciya processlerini izchil dawam etdi'ri'w joli'dir. O'zbekistan Prezidenti Islom Karimovnin' O'zbekistan Respublikasi Konstituciyasi'ni'n' 19 ji'lligiga bag'ishlang'an tantanali marosimda qilgen ma'ruzasi. – "Xalq so'zi" gazetasi.

4. Mamlakatimizni modernizaciya qi'li'w va kuchli fuqarolik jamiyati barpo etish – ustuvor maqsadimizdir. – Prezident Islom Karimovnin' O'zbekistan Respublikasi Oliy Majlisi Ni'zamshilik palatasi va Senatinin' qwshma majlisidagi ma'ruzasi // Xalq so'zi, 2010 ji'l 28 yanha'mr.

5. Karimov I.A. O'zbekistan xalqiga jan'a ji'l tabrigi. – "Xalq so'zi" gazetasi.

6. Karimov I.A. 2012 ji'l ha'mtanimiz taraqiyotini jan'a basqi'shga kwtarilatug'i'n ji'l bwldi O'zbekistan Respublikasi I.A.Karimovnin' 2011 ji'lnin' tiykarg'i' juwmaqlari' ha'm 2012 ji'lda O'zbekistannin' socialli'q ekonomikali'q rawajlandi'ri'wnin' ustuvor bag'darlari'na bag'ishlang'an Ministrlar Maxkamasi'ni'n' majlisidagi ma'ruzasi// Xalq so'zi, 2012 ji'l 20 yanha'mr, № 14 (5434).

7. Karimov I.A. Mamlakatimizda demoraktik isloxotlardi' yanada chuqurlasti'ri'w ha'm fuqarolik ja'miyatini rawajlandi'ri'w koncepciyasi'- T.: O'zbekistan, 2010.

8. Karimov I.A. Demokratik isloxotlardi' yanada chuqurlasti'ri'w ha'm fuqarolik ja'miyatini shaklandi'ri'w – mamlakatimiz taraqiyotinin' tiykarg'i' mezonidir.–T.: 19.T. O'zbekistan, 2011.

9. Karimov I.A. Jahon finansli'q-ekonomikali'q inqirozi, O'zbekistan sharayati'nda uni bartaraf etishnin' ywllari' ha'm choralari'. – T.: O'zbekistan, 2009.

10. Karimov I.A. Tiykarg'i' wazi'ypamiz – Ha'mtanimiz taraqqiyoti ha'm xalqimiz farovonligini yanada yuksaldi'ri'wdir. – T.: O'zbekistan, 2010.

11. Karimov I.A.«YUksak bilimli ha'm intellektual rawajlang'an avlodni tarbiyalash – mamlakatni turaqli' taraqqiy etdi'ri'w ha'm modernizaciya qi'li'wdi'n' eng muhim sha'rti» mavzusidagi xalqaro konferenciyanin' ashi'li'w marosimidagi nutq // Xalq so'zi, 2012 ji'l 18 fevral.

11. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' "Buxgalteriya esabi' twgrisida"gi Ni'zami - Toshkent, O'zbekistan 1996 y.

12. O'zbekistan Respublikasi Sali'q kodeksi. (Jan'a tahriri). –T.: "Norma" MCHJ, 2008.

13. O'zbekistan Respublikasi Ni'zami «Fermer xojali'g'i' tuwri'sida»gi O'zbekistan Respublikasi Ni'zamiga o'zgardi'ri'wlar ha'm qosi'mshalar kiritish haqqi'nda. O'zbekistan Respublikasi Ni'zamshilik twplami 40-41 sonlar, 433-

statya. 692-II-son. – T.: 2004.
14. O'nim (jumi's, xi'zmet)lerdi' o'ndirislik ha'm realizaciya shi'g'i'nlari'ni'n' qurami' ha'mde finansli'q na'tiyjelerin qa'liplestiriw ta'rtibi tuwri'sida "REJE"ga muwapi'q O'zbekistan Respublikasi Ministrlar Mahkamasi'ni'n' 1999 ji'l 5 fevralidagi 54-son qarori menen tasdiqlang'an.
15. O'zbekistan Respublikasi Buxgalteriya Esabi'ni'n' Milliy Standartlari' O'zBAMA nashriyot-mag'li'wmat Orayi'. –T.: 2007ji'l
16. Bobojonov O, Jumaniyozov K. Finansli'q esap.-T.:Finans nashiriyoti, 2002.
17. Radjapov R., Dwsmuratov R. Awi'l xojali'q ka'rxanalari'nda buxgalteriya esabi'. No'kis. "Bilim", 1995
18. Sotivoldiev A.S. Zamonaviy buxgalteriya esabi'. 1,2,3-tomlar. –T.: "Finans", 2004.
19. Ha'mhobov A.V., Ibrohimov A.T., Ishonqulov N.F. Finansli'q ha'm basqari'w analizi. -T.: «SHarq» NMAK, 2005 ji'l.
20. Dwsmuratov R.D., Mamadiyarov D.U. Awi'l xojali'g'i'nda basqari'w esabi': usi'li'yot ha'm amaliyot. -T.: «Finans», 2008 ji'l.
21. Dusmuratov R.D. Masharipov O. Fermer xojali'g'i'nda buxgalteriya esabi' ha'm esabatini sho'lkemlestiriw. Toshkent – 2008 y.
22. Dusmuratov R.D. Audit tiykarlari'. T.: "O'zbekistan milliy enciklopediyasi", 2003 y.
23. Dwsmuratov R.D., Jwraev B.M., Davletov I.R. Fermer xojali'qlari'nda qwllani'latug'i'n da'slepki hu'jjetler ha'm ulardi' rasmiylestiriw boyi'nsha usi'li'y tavsiyalar. -T.: ToshDAU tahririyat – nashriyot bo'limi, 2010 ji'l.
24. Ibragimov A., Ochilov I., Qo'ziev I., Rizaev N., Finansli'q ha'm basqari'w esabi'./O'quv qwllanma. –T.: «IQTISOD-MOLIYA», 2008 ji'l.
25. Karimov A., Islomov F., Avloqulov A. Buxgalteriya esabi'. -T.: «SHarq»NMAK, 2004 ji'l.
26. Masharipov O., Masharipoha'm N. Basqari'w ha'm o'ndirislik esabi'. -T.: 2001 ji'l.
27. Abdullaev A., Mo'ydinov E., YUsupoha'm M., Soliev B., Rustamov H Finansli'q esap.-T.: "Fan ha'm texnologiya" 2005 ji'l.
28. Ochilov I. Qurbonov J. Finansli'q esap. -T.: «Iqtisod-moliya», 2007 ji'l.
29. Mirzanov Z.M «Awi'l xojali'nda o'nimnin' o'zine tu'ser bahasi' tu'sinigi». Berdaq ati'ndag'i' QMU Respublikali'q ilimiy-a'meliy konferenciyasi' materiallari' toplami'. 2014 jili 2-iyunda ja'riyalani'ldi'.
30. Mirzanov Z.M «O'nimnin' o'zine tu'ser bahasi'ni'n' ayri'm kalkulyaciyalaw usi'llari'». Berdaq ati'ndag'i' QMU Respublikali'q ilimiy-a'meliy konferenciyasi' materiallari' toplami'. 2014 jili 2-iyunda ja'riyalani'ldi'.
31. Mirzanov Z.M «Respublikami'zda miynet bazari'nda jumi'sshi' ku'shine bolg'an talapti' asi'ri'w jollari'» Berdaq ati'ndag'i' QMU Respublikali'q ilimiy-a'meliy konferenciyasi' materiallari' toplami'.
32. Dwsmuratov R.D. Buxgalteriya esabi' nazariyasi. «Jan'aywl poligraf servis». 2007. - 320 b.

33. Internet saytlari':
www. mf. uz. – O'zbekistan Respublikasi Finans ministrligi,
http://www.lex.uz, http://www.soliq.uz, http://www.president.uz, http://www.uza.uz http://www.ziyonet.uz